ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПІЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№239 (23.647) ● 2017 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 13, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Путин Владимир Хмеймим авиабазэм щыІащ

Главнокомандующэ нэхъыщхьэм зыхъумэжыныгъэмкІэ министрымрэ Генеральнэ штабым и Іэтащхьэмрэ унафэ яхуищІащ урысей дзэхэм ящыщу Сирием щыІэхэр а къэралым къарашыжурэ абыхэм зэпымыуэ кьыпкъур щрахьэкІ щыпІэхэм ягъэІэпхъуэжу щІадзэну.

АВИАБАЗЭМ Урысей къэралым и Іэтащхьэм къыщыУщІащ Сирие Хьэрып Республикэм и Президент **Асад Башар**, Урысейм зыхъумэжныгъэмкІэ и министр **Шойгу Сергей**, урысей дзэхэм ящыщу Сирием щыІэхэм я унафэщІ **Суровикин Сергей** сымэ.

Путин Владимир фЫщІэ яхуищІащ террорым пэщІэтыныжмкІэ Сирием щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм хэта икІи ахэр тэмэму езыгъэкІуэкІа урысей дзэ къупкъуущІэхэм.

Урысей къэралым и Іэтащхьэмрэ Сирием и Президент Асад Башаррэ апхуэдэу урысей официархэм яІущІащ икІи Урысей Федерацэм и дзэхэм ящыщу Сирием щыІэ гупым я командующэм Сирие Хьэрып Республикэр террористхэм къаІэщІэгъэкІыжыныр зэрекІуэкІам теухуауэ ищІа докладым едэІуащ.

Путин Владимир хэхауэ фЫщІэ яхуищІащ Урысейм и къухьлъатэзехуэхэу хэкум къэзыгъэзэжьын хуейхэм.

* * *

Путин Владимир Хмеймим авиабазэм щыщипсэлъар

Салам фызох, ныбжьэгъухэ!

Дзэм хэт цыхум и дежкІэ нэхъыщхьэ дыдэр - дэ псори абы фЫыуэ дыщыгъуазэщ - езым и Хэкур, къыдыхэкІа цыхубэр ихьумэжьырщ. Ар зэрыщыту дзэ къулыкъум и мызакъуэу, къыдыхэкІа цыхубэм къулыкъу яхуэщІэным тезыухуам и гъащІэм и купщІэщ.

Мис абы хиубыдэу Хэкум зэрыхуэпэжым теухуа гъэунэхуныгъэ нэхъыщхьэ дыдэр зауэлІым щегъэпхьа гъащІэмрэ узынщагъэмрэ я дежкІэ шынагъуэшхуэу щыт зауэ Іэнатіэм. Фыщалъхуа щыналъэм и гъунапкъэхэм фапэжыжьэу мы щыпІэм, Сирием, фызэдэщІэм фэ а къаІэн дыдэр фогъэзащІэ - ди къэралыр фоувмэ, сыту жыпІэмэ, Сирием и цІыхубэм я къэралыгъуэр яхьумэныжмкІэ, террористхэм я ебгъэрыкІуэныгъэр къызэтегъэуэныжмкІэ фадэІэпыкъуурэ, фэ удын хьэлъэ евдзащ икІи хэвгъэщІащ къэгъазэ ямыІэу икІи зэІухауэ ди къэралыр зыгъэшынэну хущІэкъуэхэм.

Дэ зэи тщыгъупщэнукъым Сириеми Урысейми я щІыналъэхэм террористхэм щадедгъэкІуэкІа бэнэныгъэм хэкІуэдахэмрэ абы хиубыдэу тфІэкІуэдахэмрэ. Ауэ абы къикІыркъым ди Іэр тІэту дикІуэтыжьын хуейуэ. Апхуэдэ хьэл дэ ди цІыхухэм яхэлъкъым.

Абы къыщымынэу, а псори дигу зэрилъым дэ ди къарур нэхъри егъэбагъуэ икІи терроризмэм и шынагъуэр, абы сыт хуэдэ тепльэ имыІэми, кьанэ щымыІэу дгъэкІуэдыфыну гушхуэныгъэ кьытхелъхьэ.

Пэжщ, терроризмэм и щІэпхъаджагъэхэр къыІэщІэрыуэныжмкІэ дуней псом иджыри шынагъуэшхуэ щыІэщ. Ауэ Іэщэкіэ зэщІэузэда щІэпхъаджащІэхэр Сирием щыхэгъэщІэныжмкІэ къалэнхэр Іэщэкіэ зэщІэузэда къарухэр зыубгъуауэ къэдгъэсэбэпурэ дгъэзэщІэн хуейти, а Іуэхур гъэзэщІа хуэщ - дэгъуэу гъэзэщІа хъуащ.

Псоми сыныбжьэхъуэхъу!

Іэщэкіэ зэщІэузэда къарурхэм, дзэ-промышленнэ комплексым хиубыдэ предприятэхэм къагъэлъэгъуащ Урысейм и армэмрэ флотымрэ я лъэщагъым зэпымыуэ зэрыхэхъуэр, частхэмрэ дзэ зэгухьэныгъэхэмрэ зауэм зэрыхуэхьэзырыр.

Кхъухьлъатэзехуэхэм, морякхэм, дзэ лэжьыгъэ хэхахэр езыгъэкІуэкІ къарухэм, тІасхэзщІэхэм, управленэмрэ дзэхэр зыхуейхэмкІэ къызэгъэпэщыныжмкІэ органхэм къулыкъу щызыщІэхэм, дзэм и полицэм, медицинэ къулыкъур езыхьэкІхэм, сапёрхэм, Сирием и дзэхэм яхэта чэнджэщэгъуэхэм урысей сэлэтым и хьэл нэхъыфІ дыдэхэр: лІыгъэ, хахуагъэ, зэгурыІуэныгъэрэ тегушхуэныгъэрэ, Іэзагъ нэсрэ зэфІэкІрэ къагъэлъэгъуащ.

Хэкур фэркІэ мэгушхуэ. Быдэу си фІэщ мэхъу фэ Хэкум сыт щыгъуи пэжыгъэкІэ къулыкъу зэрыхуэфащІэнур, лъэпкъ Іэхэур, къэралыр, абы и цІыхухэр зэрыфхьэмэнур.

Сириер зыми Іэщіэмылъ къэрал цІыхьэхуиту къыззтенащ. ЩтапІэ ихьэжауэ щытахэм къагъэзэж. Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Организацэм и нэІэм щІэту политикэ зэпІэззрытыныгъэ ззтегъэуэвэжьныжмкІэ Іэмалхэр щыІэ хуэщ.

Къэралхэм зэращыІла зэгурыІуэныгъэхэм тету Сирием адэкІи щылэжьэнущ зэпэщІэува лъэныкъуэхэр зэгъэкІужныжмкІэ Урысей центрыр.

Мыбы къыщызэрагъэпэщащ икІи зэпымыуэу щылэжьэнущ дзэхэм я хэщІапІэу тІу: Тартусрэ Хмеймимрэ. Икіи террористхэм я щхьэ аргуэру къаІэтыну хуеяхэмэ, дэ абыхэм еддэнщ иджыри къэс ямылъэгъуэ удын гъащІэ.

ИльэситІым зэрыщІигъуэнущ щымыІэ зэманым Сирием и армэм щыгъуу Урысейм Іэщэкіэ Зэщ1эузэда и Къарухэм зэтракъутащ дунейпсо террористхэм я нэхъ гуп еруэкр. Абы къыжаІэу сэ унафэ къэсщтащ: Сирие Хьэрып Республикэм щыІэ урысей дзэ гупым щыщ Іыхьэшхуэм Урысейм егъэзэж.

Фэ фи жьэгу пащхьэм, фи Іыхьлыхэм, фи адэанэхэм, фи щхьэгъусэхэм, бынхэм, ныбжьэгъуэхэм я деж текІуэныгъэ къэфхьауэ фогъэзэж.

ЗыхъумэжныгъэмкІэ министрым, Генеральнэ штабым и унафэщІым яхуэзогъэуэ урысей дзэ гупхэр абыхэм зэпымыуэу къулыкъур щрахьэкІ щыпІэхэм ягъэІэпхъужу щІадзэну.

Хэкур фэ къыфпоплъэ, ныбжьэгъуэ! Гъуэгу махуэ! Къулыкъум фызэрыкъуэпэжым папщІэ фЫщІэ фхуэзощІ.

WWW. KREMLIN. RU

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр Урысей Федерацэм и ХэхакІуэ комиссэ нэхъыщхьэм хэт Шапиев С. М. хуозэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю.А. дыгъуасэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ хуэзащ Урысей Федерацэм и ХэхакІуэ комиссэ нэхъыщхьэм хэт Шапиев С. М.

ШАПИЕВ Сиябшах и псалъэм къыжигъэщащ 2016 гъэм УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыныр хуабжьу зэщІэгъэуІуаугъэ, зэІухауэ зэрекІуэкІар, абы хэхакІуэ куэд къыззэрекІуэлІар.

Республикэм и унафэщІым къигъэлъэгъуащ 2018 гъэм и Гъатхэпэ мазэм Урысей Федерацэм и Президентыр хэхыным республикэм зэрызыхуигъэхьэзырыр, цІыхухэм хуиту, япэрыуэ щымыІэу Іэ яІэтын папщІэ хэхныгъэмкІэ законодательствэм къыгъэуІупсори гъэзэщІэнымкІэ Іэрыуэ щымыІэу Іэ яІэтын малхэр къызэрызэрагъэпэщыр.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

● Дыгъуасэ

Жылагъуэ зэщІэхъееныгъэм и мыхьэнэм теухуауэ

КЪБР-м и Правительствэм и Унэм КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ щалуащІащ «Урысейм папщІэ» ЦІыхубэ Фронт» Урысейпсо жылагъуэ зэщІэхъееныгъэм и щІыналъэ къудамэм и унафэщІхэм.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и Іэтащхьэм къыхигъэщащ Урысейпсо ЦІыхубэ фронтым и зэхьыхьэхэм кьыщалэт Іуэхухэр зи чэзуэуэ зэрыщытыр. Жылагъуэ жэрдэмхэр щытыкІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэзащ, Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. и накъыгъэ указхэмрэ пщэрылъ ищІахэмрэ гъэзэщІэныжмкІэ, апхуэдэу республикэм щыпсэуэм я Іуэху еплъыкІэр къэрал властым и органхэм къащтэну унафэхэр щагъэхьэзыркІэ къалъытэныжмкІэ сабэп мэхъу.

«ОНФ зэщІэхъееныгъэм и лъэр ди республикэм щывауэ къызолъытэ. Нэхъыщхьэр ди Іэщ - махуэ къэс зэфІэдгъэкІын хуей къалэнхэр зыхуэдэр дощІэ. Дэ дыщогугъ «ЦІыхубэ фронтым» и щІыналъэ къудамэм адэкІи быдэу пыщІауэ дыдэлажьэну, жылагъуэ кІалъыплъынигъэ щрагъэкІуэкІкІэ, щІыналъэм и Іыхьхэр нэхъ зыгъэпІейтей ныкъуасныгъэхэр къыщыщІагъэщкІэ Іуэхум нэкІэнэщхьагъэ хамылъхьэу дяпэкІи бгъэдыхьэну», - къыхигъэщхьэхукІащ КІуэкІуэ Юрий.

ОНФ-м и щІыналъэ исполкомым и унафэщІ **Бакаев Евгений** къызэрилъытэмкІэ, социальнэ мыхьэнэ зиІэ, гулъытэшхуэ зыхуэщІын хуей программэхэр щагъэзащІэкІэ, къэрал властым и органхэмрэ гражданхэм жылагъуэмрэ зэдэлэжьэнымехъулІэныгъэхэр кьорокІуэ. «ЦІыхубэ фронтым» иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэмрэ «ОНФ-м и гъуэгу инспекцэ/Зэрагъэпэщыжа гъуэгухэм я картэ» проектым 2017 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм кьрикІуэхэу зэкІэ наІуэ къащІахэмрэ япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Урысейм япэ увыпІэр щиІыгъщ зэрагъэпэщыжа, зыхуей хуагъэзэжа гъуэгухэм я бжыгъэмкІэ. Ахэр ОНФ-м и картэм хагъэхьащ республикэм щыпсэуэхэм зэрызыхуагъэзам ипкъ иткІэ.

Республикэм кьыпэщыт зи чэзу кьаІэнэхэр зыхаІъагъуэхэмкІэ зэІуущІэм кьрихьэлІахэм ядэгугъащ ОНФ-м и щІыналъэ штабым и унафэщІхэм ящыщ зы **Хутуевэ Любовь**, **Маслов Николай**, **Щэрдан Нодар** сымэ.

Къыхалъхьа жылагъуэ жэрдэмхэм хэпльэну зэгурыІуащ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Гъэ кІуам иІа ехъулІэныгъэхэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 340-м щІигъу хухах

Урысейм и Правительствэм и унафэщІ Медведев Дмитрий Іэ щІидзащ 2016 гъэм социально-экономикэ зыужьныгъэм и лъэныкъуэкІэ нэхъ ехъулІэныгъэшхуэ зиІа щІыналъэхэм сом мелард 20 яхуэхъуныжтеухуауэ. Трансфертхэр яІэрыкъынущ къэралым и субъект 40-м. НэхъыфІ дыдэхэм ящыщу къалъытащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Сахар (Якутие), Иркутскэ, Челябинскэ, Ростов, Ленинград, Москва областхэр, Шэшэн Республикэр, Марий Эл Республикэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуащ Іапіэ.

ТІымыжь Хьэсэн «КСК» АО-м и унафэщІу ягъэуващ

«Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхуПІэхэр» акционер зэгухьэныгъэм и унафэщІхэм я Советым блыщхьэ кІуам, 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м, Москва къалэм щригъэкІуэкІа зэхуэсым арэзы щытехъуащ компаниеим и Генеральнэ директор къулыкъум Тымыжь Хьэсэн зэрагъэувам. Илъэситху хъуауэ, 2013 гъэм къыщыщІэдзауэ, ар «КСК» АО-м щолажьэ, нэхъапэІуэкІэ компаниеим Стратегие зыужьныгъэмкІэ и департаментым и унафэщым и къуэдзэ къулыкъум пэрытащ, Экспертхэр къэпщытэныгъэ лэжьыгъэмкІэ департаментым и унафэщІу, «КСК» АО-м и Генеральнэ директоым стратегие зыужьныгъэмкІэ и къуэдзэу щытащ.

«КСК» АО-м и унафэщІхэм я Советым и Іэтащхьэ, УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министрым и япэ къуэдзэ Байсултанов Одес компаниеим и Генеральнэ унафэщІым ехъуэхъуащ къулыкъу лъагэр къызэрыхуагъэфащамкІэ икІи ТІымыжь Хьэсэн и Іэнатіэщім ехъулІэныгъэщІэхэр къыщихьыну зэригуапэр жиІащ.

«Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхуПІэр» АО-м хьыбэ Іэхуащ Іапіэхэм, зи лэжьыгъэр нэхъапэІуэкІэ ТІымыжь Хьэсэн иунэтІа-хэм, кьаІэнышхуэ я пщІдэпльщ икІи яГъэзащІэ: турист кластерым зэрызыужьыну щІыкІэр убзыхуныжрэ ахэр а лэжьыгъэм пэлъэщын Іэщ1агъэлІхэмкІэ къызэгъэпэщынымрэ къыщыщІэдзауэ экономикэ щІыналъэ хэхахэм зэрызыщІагъакъуэ щыкІэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр къэлъытэным нэсу. Абы ипкъ иткІэ, компаниеим и Генеральнэ директор къулыкъум пэрыту ТІымыжьым «КСК» АО-м и лэжьыгъэр, бюджетымрэ лэжьакІуэхэмрэ я Іуэхуфи хэту, тэмэму иунэтІафыну сыщогугъ икІи Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм турист кластерым зыщегъэужьыным социально-экономикэ Іэнатіэхэм ехъулІэныгъэхэр къыщаухьыным хуэунэтІа къалэнхэм абы и унафэм щІэтхэр пэлъэщыну си гугъэщ», - къыхигъэщащ Байсултанов Одес.

ТІымыжь Хьэсэн Хьэмыщэ и къуэр 1982 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м къалъхуащ.

Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр кьухащ.

2004 гъэм къыщыщІэдзауэ илъэсипщым нэблагъэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм щылэжьащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Программэ хэхахэмкІэ и администрацэм инвестицэ лэжьыгъэхэмкІэ и къудамэм и Іэщ1агъэлІ нэхъыщхьэу щытащ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм инвестицэ политикэмкІэ и къудамэм и Іэщ1агъэлІ пажэу, нэхъыщхьэу, ижькІэ абы и унафэщІу тлэжьащ.

2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и чэнджэщэгъуэ яГъэуващ, нэхъ ижькІэ - республикэм и Правительствэм и Іэтащхьэм и секретариатым и унафэщІу щытащ.

2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ кьулыкъур кьыхуагъэфащащ.

2013 гъэм «Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхуПІэхэр» АО-м лэжьэн щыщІидзащ. Компаниеим Стратегие зыужьныгъэмкІэ и департаментым и унафэщым и къуэдзэ, Эксперт-къэщытэныгъэ лэжьыгъэмкІэ департаментым и унафэщІ, «КСК» АО-м и Генеральнэ унафэщым стратегие зыужьныгъэмкІэ и къуэдзэ кьулыкъуэм пэрытащ.

2017 гъэм и дыгъэгъазэм «КСК» АО-м и Генеральнэ директору ягъэуващ.

Щхьэгъусэрэ бынитІрэ иІэщ.

«Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхуПІэхэр» акционер зэгухьэныгъэм и пресс-Іуэхуащ Іапіэ.

● Къэпкъ Іуэху

ЗэгурыІуэныгъэр япэ ирагъэщ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэ зэщІакІуэ гупым хэтхэм я зи чэзу зэхуэсыр Шапсыгъ щІыналъэм щрагъэкІуэкІащ. Лазаревск (Псыфыпэ) жылэ цІыкІум щызэхуэсащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Краснодар, Ставрополь, Осетие Ищхъэрэ - Алание щІыналъэхэм щылажьэ Хасэ хъудамэхэм, Сирием, Израилым щыІэ Хасэхэм я лІыкІуэхэр. ХьэщІэхэр гуапэу иригъэблагъащ Шапсыгъ Хасэм и тхьэмадэ КІэкІыхъу Мэжид.

ЗЗІУЩІЭР къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. Абы къарагъэблагъат Сочэ и Лазаревск куейм и Іэтащхьэ **Бражников Сергей**. Блэкіа зэманым Хасэшхуэм зэфІигъэкІа лэжьыгъэхэм тепсэлъыхьыжащ тхьэмадэр икІи иджырей зэхуэсыр зэрекІуэкІынур иубыхуащ. Япэу псалъэ зрата КІэкІыхъу Мэжид тепсэлъыхьащ Шапсыгъ Хасэм зэфІигъэкІ лэжьыгъэхэмрэ дяпэкІэ къыпащыпъ къалэнхэмэр. Адэкіэ Гъэзэщіакіуэ гупым и комитетхэм я унафэщІхэр зэфІагъэкІахэм чэзуэу тепсэлъыхьащ.

Сэхъурокъуэ Хьэутий къытеувыІащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм 2018 гъэм и мурадхэмрэ ахэр зэрызэфІихыну Іэмалхэмрэ. Апхуэдэуи дызэрыхьэну иІэсыщІэм ДАХ-м и XII Конгрессыр зэрекІуэкІынум, абы зэрызыхуагъэхьэзырым тепсэлъыхьащ.

Шапсыгъ лъэхэм щыхьэщІэ лІыкІуэ-хэр щэджагъуэ нэужьым адыгэ хуажэхэм яшащ, Сочэ зыщрагъэпльыхьащ, Лазаревск дэт Лъэпкъ музейм щІыхьахэщ. Пщыхьэщхьэм хьэщІэхэр еплъащ «Шапсугия» щІыхьэ къэфакІуэ ансамблыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 45-рэ зэрырикъум теухуа концертым.

ЗэІущІэр зэрекІуэкІам теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэхэм ящыщ шэм тетынущ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Республикэм исхэмрэ ди хьэщІэхэмрэ ирагъэблагъэ

2017 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м Музыкэ театрым щекІуэкІынущ ныкъуэдыкъуагъэ зиІэхэм я «Сэ си гурыфІыгъуэр си ныбжьэгъуэхрщ» фестивалыр.

Абы хиубыдэу театрым и фойем щагъэлъэгъуэнущ цІыху Іэпщ1эпащ1эхэм я лэжьыгъэхэр.

Фестивалым щІедзэ сыхьэт 14-м. КъекІуалІэхэр пщІэншэу щІагъэхьэ.

Телефонхэр: 77-42-08, 42-43-13.

Балъкъэр Фоусэт и фэеплъ пшыхь



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм фыкърегъэблагъэ КЪБР-м и цІыхубэ усакІуэ Балъкъэр Фоусэт къызэраліхурэ илъэс 85-рэ зэрырикъум теухуа юбилей зэхьихьэм.

АР 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м щекІуэкІынущ Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм (Щоджэнцыкіум и уэрам, 28).

Пшыхьым щыщІидзэнур сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.

ФыщІэупщІэ хъунущ 44-22-10, 42-43-13 телефонхэмкІэ.

Щыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэр районипІым щыІащ

ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КЪБР-м щыІэ Зумакулов Б. М. 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 1 - 7-хэм кьриубыдэу щыІащ Шэрэдж, Тэрч, Дзэлыкъуэ, Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районхэм. А зэманым ар цІыху 42-м яхуэзащ, апхуэдэу цІыху 120-м щІигъум Іэ зыщІадза тхьэусыхафэу 2-м хэпльащ.

Я НЭХЪЫБАПІЭКІЭ цІыхухэм я тхьэусыхафэхэр зытеухуар псэупІэхэр егъэфІэкІуэнырщ, ягъэува льготэхэмрэ зи чэзуэхэмрэ ятещІыхьауэ социальнэ псэупІэр гъэшынырщ, субсидиехэр, унэ зытращІыхьыну щІы Іыхьэхэр хъелъыхьыным гугъуэхь куэд зэрыпльащрщ, коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэрахуэмытырщ, фэтэр куэд хъу унэхэр, абыхэм щыІэ лифтхэр тэмэму зэрызэрамыгъэпэщыжырщ. Апхуэдэу хущхьуэхэр къызэращэхуну ахъшэкІэ дэІэпыкъуну къэлъаІуэхэр куэд мэхъу.

Районипліми щыпсэуэхэм гуныкъуэгъуэ яІэщ Налшык къалэм перинатальнэ центр зэрыщащІам къыхэкІыу район сымаджэщхэм я лъхуапІэ къудамэхэр зэрызэхуащІыжьым щхьэкІэ. Іуащхьэмахуэ районым щыпсэу цІыху гупым тхьэусыхафэ къатхащ Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжым и къудамэу Тырныауз дэтэр зэрызэхущІыжьым къыхэкІыу. А унафэм ипкъ иткІэ цІыху 35-рэ лэжьапІэншэу къонэ, апхуэдэу районым щагъэхьэзыр Іэщ1агъэлІхэр 200-кІэ нэхъ мащІэ хъунущ.

Цыху гупхэм къагъэхьа тхьэусыхафхэм, апхуэдэу Уполномоченнэм зыкъущыхъагъэзам цІыху щхьэхуэхэм къаІэта Іуэхухэм хэхауэ хэпльэнущ икІи ахэр зыхуэфащэ къэрал органхэм хуагъэхьынущ.

Уполномоченнэр цІыхухэм яхуэзэныр ягъэхьэзыращ икІи апхуэдэ зэІущІэхэм жыджэру хэтащ КЪБР-м и Парламентым и депутатхэу Мокаев К. А., Щхьэгъэпсо С. Хь., Дэхъущокъуэ А. Н., УФ-м Юстицэмкіэ и министерствэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ Кужонов Ж. А., Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІым и къуэдзэ Литовкэ Н. Н., КЪБР-м и Ухыпхэм я палатэм и ушэтыкІэ Бантеев Р. А., Уполномоченнэм и лІыкІуэу муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ щыІэхэр, ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КЪБР-м щыІэм и дежи щылажьэ эксперт советым хэтхэр.

ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и пресс-Іуэхуащ Іапіэ.

Байсултанов Одес и Іэнатіэщіэ

УФ-м Кавказ Ищхьэрэм и Іуэхущхьэкіэ и министрыр ялэ къуэдзэ Байсултанов Одес «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» АО-м и унафэщІхэм я Советым и нэхъыщхьэу щыхахащ дыгъэгъазэм и 11-м Москва щекІуэкІа зэІуІэщІэм.

● Къулыкъухэр

АБЫ ХЭТАХЭМ Байсултановым ефІыщІэ яхуищІащ апхуэдэ къулыкъу дзыхь къызэрыхуащІам папщІэ икІи къызэрыщыгугъыр игъэпэжыну, Кавказ Ищхьэрэм туризмэм зыщегъужьыным теухуауэ яубзыхуа лэжьыгъэм пищэну, мы Іуэхур кІуэтэнымкІэ лъэкІ къимыгъанэу лэжьэну псалъэ итащ.

- Нобэкіэ ди къалэн нэхъыщхьэр «Архызы», «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэхэм я щІымахуэ лэжьыгъэ кІыхьэгъэдпэщынырщ, Шэшэн Республикэм и «Ведучи» ВТРК-р егъэжьэнырщ. Абы теухуауэ УФ-м Кавказ Ищхьэрэм и Іуэхуэмкіэ и министерствэм зыкъытщІигъэкъуэну, къищынэмыщІауэ, УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэр, «Ростуризм», «Росимущество», нэгъэсыныгъэ Іуэхущ1ап1эхэри дамэгъу кІытхуэхъуну догугъэ. Абы хэм я ліыкіуэ унафэщІхэм я Советым хэтщ, - жиІащ Байсултановым.

Фигу къэдгъэкІыжынщ, «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» АО-м и уставым зэрыщыгъэбелджыламкІэ, Іуэхущапі1эм и унафэр зыщІри, зезыхьэри, и лэжьэкІэр зыубзыхури унафэщІхэм я Советращ. Байсултанов Одес 1965 гъэм щыщыІыгъэм и 17-м Шэшэн-Ингушэ АССР-м и Гурдемес куейм хыхьэ Белоречье къуажэм къыщалъхуащ.

Абы къыуащ Шэшэн къэрал университетым и «Государственное и муниципальное управление» кІуэдамэр.

1992 гъэм щыщІидзэри, илъэс 20-кІэ Шэшэн Республикэм и Правительствэм щылэжьащ, мэкъумэш Іэнатіэмкіэ министерствэм механизацэмрэ электрификацэмкІэ и къудамэм и унафащІу, ШР-м и Президентым и Аппаратым и Іэщ1ап1эл нэхъыщхьэу, «ШР-м и Правительствэм и унэр зезыхьэ Іуэхущ1ап1эм» и унафэщІу щытащ.

2004 гъэм щыщІидзауэ Шэшэн Республикэм и Правительствэмрэ Президентымрэ я Іуэхущэ зыщІри, зезыхьэри, и лэжьэкІэр зыубзыхури унафэщІхэм я Советращ. Байсултанов Одес 1965 гъэм щыщыІыгъэм и 17-м Шэшэн-Ингушэ АССР-м и Гурдемес куейм хыхьэ Белоречье къуажэм къыщалъхуащ.

Абы къыуащ Шэшэн къэрал университетым и «Государственное и муниципальное управление» кІуэдамэр.

2012 гъэм и накъыІэ мазэм ар УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым къагъэкІуащ.

2014 гъэм бадзэуэгъуэ мазэм щыщІидзауэ Байсултановыр и къуэдзэу щытащ УФ-м Кавказ Ищхьэрэм и Іуэхуэмкіэ и министрым, 2016 гъэм мэлыжьыкъ мазэм а министерствэм и унафэщІм и яп къуэдзэ хуащ.

ТАМБИЙ Гащэмахуэ.

● Ди псэлъэгъуэр

Къэралым и ахъшэ пхъуантэ

Іутіыж Шумахуэ

Казначействэм и къекІуэкІыкІар къыгуэхьилІэ имыІэу пыщІащ Урысей къэралыгуэр зэрызэтеувамрэ абы зэрызиужьамрэ. Казначейхэм я хъыбар ящІэу щытащ Пасэрей Урысейм исахэми, ауэ Къэзыбж е Казначей Іуэхущ1ап1эр ялэ дыдэу Пётр Езанэм къыщызэригъэпэщар 1710 гъэрщ. Абы щегъэжьауэ а Іэнатіэм зэхуэкІыныгъэ куэд ІІаащ. Иджырей системэм лъабжьэ хуэхъуащ УФ-м и Президентым 1990 гъэм къыдигъэкІа Указ щхьэхуэмрэ 1993 гъэм УФ-м и Правительствэм къищта унафэмрэ. Абыхэм ялъ иткІэ Урысей Федерацэм Финансхэмкіэ и министерствэм и унафэм щІэт Федеральнэ казначействэ къызэрагъэпэщащ. А щІыкІэм тету Урысейм щызэтеувэжу хуежьащ къэрал ахъшэр зэрызэрагъакІуэм кІэлъыплъ Іэнатіэр.

Казначействэм и нэІэ мы зэманым тетщ федеральнэ бюджетыр гъэзэщІэным хиубыдэу ирагъэкІуэкІ кассэ Іуэхуэхэр; бюджет лэжьыгъэм хэтхэм бюджетымкІэ законодательствэр зэрагъэзащІэр; бюджет Іэнатіэм къыІэрыхьа хэхъуэхэр законодательствэм игъэува мардэхэм тету бюджетым и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм зэрытрагъуашэр; УФ-м и субъектхэм я бюджетхэмрэ щыналъэ бюджетхэмрэ зэрызэгъэзэжа зэрекІуэкІыр; федеральнэ бюджетыр зэрагъэзащІэм теухуа отчётхэр и зэманым хуэриубыдэу икІи тэмэму зэрагъэхьэзыырр.

Федеральнэ казначействэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІу иджыблагъэ ягъэуващ Іутіыж Шумахуэ Борис и къуэр. Мы Іэнатіэм и юбилеим и пэ къихуэу дэ абы упщІэ зыбжанэ етташ.

- Нобэм ирихьэлІэу казначействэм и лэжьыгъэр нэхъыбэу зытеухуар сыт?

- Федеральнэ казначействэм и Управленэу КъБР-м щыІэмрэ абы и Іуэхущ1ап1эхэмрэ зэфІагъэкІхэм я гугъу щыпщІкІэ къэбгъэльагъуэ хъунущ иджыпсту ди деж теклонирование нэхъ пэрыт дыдэхэр къызэрыщагъэсэбэпыр. Абыхэм Іэмал хэтащ бюджет лэжьыгъэр нэхъ тэмэму зэтегъэувэнымкІэ, къэрал мылькур зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпынымкІэ, къэрал ахъшэр гъэбэгъэнымкІэ.

Федеральнэ бюджетым и ахъшэр зыхухаха мурадхэм зэрытрагъэкІуадэм нэхъыфІу кІэлъыплъын мурадкІэ Іуэхущ1ап1эм зыхуэфащэ къудамэхэр иІэщ. Абыхэм иджырей казначей, банк программэхэр къагъэсэбэп. Къапщтэмэ, Урысейм и Банк Нэхъыщхьэм и электрон Іэмалхэр къагъэсэбэпуэ, федеральнэ бюджетым и ахъшэр управленэм зы сыхьэтым къриубыдэу къыІэрагъэхьэф. А системэр Урысейм и щІыналъэ псоми къыщагъэсэбэп икІи абы пыщІахэм ахъшэр зыхухаха Іэнатіэм псынщІэу нагъэсыф.

- Казначей дэІэпыкъуныгъэмрэ кІэлъыплъыныгъэмрэ фи лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къэплъытэ хъунущ?

- Казначей дэІэпыкъуныгъэмрэ кІэлъыплъныгъэмрэ щІагъэуващ Урысей Федерацэм и Президентым 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэлъэгъуа Іуэхуэхэр дэгъэкІыныкІэ планыр зэрагъэзащІэр, къапщтэмэ федеральнэ бюджетым, УФ-м и субъектхэм я бюджетхэм, щІыналъэ бюджетхэм къыхэкІыу промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэхэм я Іэнатіэхэм зэрадэІэпыкъу ахъшэр зэрызэрагъэкІуар.

Къэрал контрактхэр (договорхэр, зэгурыІуэныгъэхэр) гъэзэщІа зэрыхъум казначействэр зэрыкІэлъыплъым и фІыщІэкІэ федеральнэ бюджетым и ахъшэр зэрызэрагъакІуэм сыт хэдэ Іэнатіэм дежи ущыкІэлъыплъ мэхъу. Апхуэдэ лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ бюджет ахъшэр къыщыгъэсэбэпкІэ коррупцэм пыщІа хабзэншагъэхэр къызэрыгъэхуэ илъэси 109-рэ ирокъу.

◆Актёр, РСФСР-м и цІыхубз артист **Рыбников Николай** къызэралъхуэрэ илъэс 87-рэ ирокъу.

◆Уэрэджыкіуэ, актрисэ, УФ-м и цІыхубз артисткэ **Сенчинэ Людмилэ** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пэрыт щыщытынущ. Хуабэр мазэм градуси 8 - 11, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 14, *махуэку*

◆Академик Сахаров Андрей и фэеплъ махуэщ. Совет физик, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ, Нобель саугъэтым и лауреат Сахаров Андрей 1989 гъэм дунейм ехьжащ.

◆1542 гъэм Шотландиер пащтыхыгъуэм и унафэщІу ягъэувауэ щытащ Стюарт Марие. Абы и гъащІэр гъэщІэгъэнныщхьэ къызэрекІуэкІар зыфІэтелъыджэр и лъэхъэнэгъуэхэм я закъуэкъым. Ноби абы теухуа тхыльхэр къызэрагъэхуэрэ илъэси 109-рэ ирокъу.

◆Актёр, РСФСР-м и цІыхубз артист **Плятт Ростислав** къызэрагъэхуэрэ илъэси 109-рэ ирокъу.

◆1989 гъэм Совет Союзым и Либерал-демократие партыр къызэрагъэпэщащ. Абы и унафэщІу хахащ Жириновский Владимир.

◆1991 гъэм Налшык щекІуэкІащ КъБР-м и къэпкъхэм я ЛыкІуэхэм я съезд.

◆1996 гъэм ООН-м и секретарь нэхъыщхьэу хахащ Анан Кофи.

◆2000 гъэм Европарламентыр арэзы техъуащ тутын къыщІэзыгъэкІэжм хуагъэув мардэхэр гъэтКІининым теуху законопроектым.

◆Нэмыцэ усакІуэ, публицист, критик **Гейне Генрих** къызэралъхуэрэ илъэс 220-рэ ирокъу.

◆Урыс усакІуэ, тхакІуэ, драматург, зэдзэкІакІуэ, критик **Брюсов Валерий** къызэралъхуэрэ илъэси 144-рэ ирокъу.

◆Совет тхакІуэ, Ильф Илья и гъусэу къыдигъэкІа тхыльхэм щІэрыІуэ ирихъуа **Петров Евгений** къызэралъхуэрэ илъэси 114-рэ ирокъу.

◆Актёр, СССР-м и цІыхубз артист **Плятт Ростислав** къызэралъхуэрэ илъэси 109-рэ ирокъу.

◆Актёр, РСФСР-м и цІыхубз артист **Рыбников Николай** къызэралъхуэрэ илъэс 87-рэ ирокъу.

◆Уэрэджыкіуэ, актрисэ, УФ-м и цІыхубз артисткэ **Сенчинэ Людмилэ** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пэрыт техьэ-текІуэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 5, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

● Къалэдэсым и гукъеуэхэр

ЗыхуэфІэкІхэм ящІэр къащІокІуэ

ЩІы хьурейм щІыхуу тетым я нэгу щІэкІащ къызэдгэкІ илъэсым, зэи къэмыхъуауэ, дунейм зэхъуэкІыныгъэшхуэкІэ зэрищекІуэкІар, нэрылъагъуу абы занщІэу зихъуэжащ: ялэщІыкІэ уэлбанэ зэкІэлъыпытым дитхьэлэ пэтащ, итІанэ дыгъэм дисыпэным тІэкІыу ІІэжар. Дызыхэхуа а дунейкъутэжым псори ирогузавэ, зыхуэхьынур ящІэрхъым, зыгъэрхэри ягъэкъуанщэ.

ДУНЕЙМ и мызакъуэу, езы ди цІыхухэри, зэман зэкІэлъыкІуэхэм нэхъыфІ хъуну дыгугъэу дыкъекІуэкІа щхьэкІэ, ахэри пхужмыІэну екІакІуэу хуежьащ. Телевизорым мыхъумыщІагъэу, хьэдэгъуэдахэу кІит, щыгъуазэ зыхуищІхэм нэмыщІ, дэтхэнэ зыми гъащІэ зыхэтым щелъагъу ЦІыхухэмэ зэрызахъуэжар, укъэзыгъэпэжын, уи дзыхь зэбгъэз хъун абы кІуэ пэтми нэхъ мащІэ зэрыщыхъур. Куэдым пэжымрэ гъащІэмрэ зэфІэзэхэрыхьащ, фІыкІрэ Іеймрэ яхуэзэхгъэкІыжырыкІ, я мурадыр зэрагъэхъуІэн, я Іуэху дагъэкІын папщІэ я щхьэ ирамыпэсынрэ ямыщІэнрэ щыІэкъым, пасэм ахэр зэтезыІыгъэу щыта нэмысти, щІыхьти, гущІэгъути, цІыхугъэти зыхуаІэхэр языныкъуэхэм кърадзэжыкрыхьэм, зыхуэмей зэхэпшыпажьу къуакІэм дадзэжащ. КъызыхэкІа и лъэпкъым и щІыхьыр, и пщІэр къэзытыным, куэдми мащІэмэ, хуэфІэкІ абы халъхэзыным, и зыужьыныгъэм телъажьыным и пІэкІэ, апхуэдизкІэ ди нэхъыжьыфІхэм лІэщІыгъэкІэрэ хуэсакъыу зэрагъэпэща, яхъума, ди дежь кхъаьэса лъэпкъ напэр трах, абы и щІыхьыр ягъэпуд. ЖьІпІэнурамэ, ди цІыхухэр пасэм зэрыщытамрэ ноба зэрыхъуамрэ пхузэгъэзэгъыркъым.

Апхуэдэ гъемыкІу псалъэхэр уи лъэпкъыр къэгъэнаэу, уи лъэпкъэгъуэ и пыщІагъэ зэрымытэжыкІ, къызэремызэгъыр дэри къыдгуроІуэ, ауэ щхьэм къыпхуимыгъэтІасэ лей зезыхьэхэр, щІэпхъаджагъэ зылажьхэр щІэдфэкІэ, пщыкъуэцІуэ дыбзыщІкІэ, дэ нэхъыфІ дыхъуным ущыгугъынри щхьэгъэпщІэжкІ. Апхуэдэ псалъэ жагъуэжэр жытІэным ЗъощІагъэкІэ дезыгъэзащ, дезыкуІар илъэс зыкъом щІауэ ди зы хэкуэгъу гъэрым щІыху напэм къызэуемыгъэзэгъ мыкъумышІыкІэ ЗъощІагъэкІэ зэрыгъэгъэжьыр, ЗекІуэ хабзэхэм ар зэребакъуэр, ахэр зыуи къызэрыримыдзэр ди тхыгъэм еджэм къыгурыІуэнщ, дызэрыгугъэмкІи, къимыгъэгубжьи къэнэнкІэ Іэмал иІэкъым, зи гугъу тщІы Іуэхум и пэжкІпІэ къыщІэмэ.

Къэбэрдей щхьэхуэ цІэрыІуэ Теунэ Хьэчим дунейм зэрехьэжэ илъэсипщІ щыкуэда 1993 гъэм ЗъощІэнцІыкІу Алий и къуэ Мухьэмэд, къалэ исполкомым хуит зыкъыгъэщІри, Хьэчим зыщІэса унэм езым и мылъкукІэ фэеплъ пхъэбгъу фІыригъэдзэгъащ. ИужькІэ, тхакІуэр къызэралъхуэр илъэсипщ щрикъуэ 2012 гъэм и пІэ кІыхуэу я унэм и лъабжьэм щІат шхапІэр, «Лэкъум» зи фІэщыгъэр, зыгуэрым къищэхужащ. Унэр зэриГъэпэщыжыну яужь щихэм, тхакІуэм и фэеплъ пхъэбгъу жьыкІэ зэрымытэжыкІ, къызэремызэгъыр дэри къыдгуроІуэ, ауэ щхьэм къыпхуимыгъэтІасэ лей зезыхьэхэр, щІэпхъаджагъэ зылажьхэр щІэдфэкІэ, пщыкъуэцІуэ дыбзыщІкІэ, дэ нэхъыфІ дыхъуным ущыгугъынри щхьэгъэпщІэжкІ. КъищынэмыщІауэ, я нэІэ трагъэзащІэу, я нэІэ зытрагъэтынур.

КъБР-м и прокуратурэм федеральнэ хабзэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъ и управленэм и къудамэ.

● ЗэІущІэхэр

Я нэІэ трагъэт

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм щекІуэкІащ. ЩІыуэпсыр зэрахъумэмрэ абы и хъугъэфІыгъуэхэр къызэрагъэсэбэпымрэ, мэзхэр зэрызэрахьэм ехьэлІауэ хабзэхэр къызэрызэпаудыр къыщІэгъэщынымкІэ, ахэр гъэзэкІуэжынымкІэ Іуэхущ1ап1э зэхуэмыдэхэм я лІыкІуэхэр зыхэт лэжьакІуэ гупым и зэІущІэр.

АБЫ къыщызэщІакъуэжащ 2017 гъэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэр. Псом хуэмыдэу, гулъытэ хуащІащ кІэрыхьубжьэрыхуэхэр зэрызэщІакъуэрэ, зэрагъэсеижым, абыхэм етІуанэу зэрелъэжьыжым теухуауэ зыІууэ гугъуэхэм, пхъэнкІий идзыпІэхэр хабзэм къызэрезэгъым, федеральнэ мыхьэнэ яІэу нэхъ лейуэ яхъумэ щІыпІэхэм зи лэжьыгъэ къыщыщІэзыгъэщхьэ къащІэтэжыкІ. КъищынэмыщІауэ, я нэІэ трагъэзащІэу щыІэуэпсым ехьэлІа щІэпхъаджагъэхэр къызэрыщІагъэщымрэ республикэ унафэщІхэм я пщІэ къыдхуэ къаІэнхэр зэрагъэзащІэмрэ.

ЗэІущІэм хэтахэм къыхэгъэщащ зыштепсолъыхь Іуэхум щІыхур зэригъэзагъэр икІи щытыкІэр езыгъэфІэкІуэну лэжьыгъэхэр яубзыхьи зэрыхуейр. Аэр зэгурыІуащ кІэрыхуэбжьэрыхуэхэр, зэрелъэжьыжым теуху ахэр хабзэхэр зэрагъэзащІэр адэкІи къапщытэну.

ЗэІущІэм хэтахэм агъэбелджылащ 2018 гъэм нэхъыщхьэу я нэІэ зытрагъэтынур.

КъБР-м и прокуратурэм федеральнэ хабзэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъ и управленэм и къудамэ.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 13, *бзэрэжьей*

◆1476 гъэм Инджилызым щыяпэу я къэралым тхыльэ щытрадзащ. Абыкіэ Инджилызыр Европэм и адрей щыналъэхэм лІщІыгъуэ ІыхьэплІанэм нэблагъэкІэ къакІэрыхуат. Ялэ тхыльэр а къэралым къыщыдзэзыгъэкІар типограф Кэкстон Уильямщ.

◆1642 гъэм Голландием щыщ, хьэм тету щыпІэщыпІэхэр къызэхэзыкІуэх Тасман Абель къижуащ Новая Зеланди щыналъэр зэрыщыщІэр.

◆1920 гъэм Лъэпкъэм я Лигэм Гаагэ къыщыщзэрегъэпэщ дунейпсо хеящІэ Іуэхущ1ап1э.

◆1926 гъэм Совет къэралыгъэм щыяпэу абы цІыхуу исыр бжьн щІадзащ.

◆1949 гъэм Налшык щекІуэкІащ КъАССР-м и цІыхубз ныбжьыщІэхэм я XI республикэ съездэ.

◆1971 гъэм Москва ялэу щагъэльэгъуащ «Джентльмены удачи» кинокомедиер. Ди къэралым щыпсэуэкэм нэхъыфІ дыдэу ялъагъу фильмхэм ящыщ хъуащ ар.

◆1989 гъэм Совет Союзым и Либерал-демократие партыр къызэрагъэпэщащ. Абы и унафэщІу хахащ Жириновский Владимир.

◆1991 гъэм Налшык щекІуэкІащ КъБР-м и къэпкъхэм я ЛыкІуэхэм я съезд.

◆1996 гъэм ООН-м и секретарь нэхъыщхьэу хахащ Анан Кофи.

◆2000 гъэм Европарламентыр арэзы техъуащ тутын къыщІэзыгъэкІэжм хуагъэув мардэхэр гъэтКІининым теуху законопроектым.

◆Нэмыцэ усакІуэ, публицист, критик **Гейне Генрих** къызэралъхуэрэ илъэс 220-рэ ирокъу.

◆Урыс усакІуэ, тхакІуэ, драматург, зэдзэкІакІуэ, критик **Брюсов Валерий** къызэралъхуэрэ илъэси 144-рэ ирокъу.

◆Совет тхакІуэ, Ильф Илья и гъусэу къыдигъэкІа тхыльхэм щІэрыІуэ ирихъуа **Петров Евгений** къызэралъхуэрэ илъэси 114-рэ ирокъу.

◆Актёр, СССР-м и цІыхубз артист **Плятт Ростислав** къызэралъхуэрэ илъэси 109-рэ ирокъу.

◆Актёр, РСФСР-м и цІыхубз артист **Рыбников Николай** къызэралъхуэрэ илъэс 87-рэ ирокъу.

◆Уэрэджыкіуэ, актрисэ, УФ-м и цІыхубз артисткэ **Сенчинэ Людмилэ** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пэрыт техьэ-текІуэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 5, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

УзэлъэІур щІагъуэ мэхъу.

Къэралым и ахъшэ пхъуантэ

Іутіыж Шумахуэ

къэмыгъэхъуныжмкІэ.

Казначей кІэлъыплъныгъэм и ялэ Іыхьэрэ лицевой счётхэр ди деж къызэрыщызэІуахыр. Абы ахъшэр зезыгъакІуэхэм я Іуэхур къегъэпсынщІэ, сыту зыпІэмэ, ди официальнэ сайтым лэжьыгъэр тэмэму екІуэкІын папщІэ зэрыбгъэдыхьэн хуей щыкІэр икъуэкІ гурыІуэгъуэу къыщыгъэлъэгъуащ.

- УФ-м и субъектым и бюджетыр гъэзэщІэным теухуауэ сыт хуэдэ бгъэдыхьэкІэщІэхэр щыІэ?

- Республикэ бюджетым и ахъшэр зегъэкІуэкІынкІэ кассэ Іуэхуэхэбзэхэм я къызэгъэпэщкІэщІэ ди управленэм къыщагъэсэбэпу щІадзащ. Ар зытещІыхьар ахъшэр зыхуахаам щыхуей дыдэм ирихьэлІэу етыныращ, нэгъуэщІу жьІпІэмэ, Іуэху пыухыкІахэм трагъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетым къиутыпщ ахъшэр КъБР-м и бюджетым икІэщІпІэкІэ къыІэрыхьэнущ. Апхуэдэ лэжьэкІэм и фІыщІэкІэ ахъшэр зэрызэрагъакІуэр нэхъ зэІуахуэ къызэрагъэпэщу щІадзащ. Абы къыдэкІуэу къъагъэльэгъуаупхъэщ мурад пыухыкІахэм зэтеувыжыкІа бюджет зэхуаку трансфертхэм хиубыдэ ахъшэм щыщу мащІэ дыдэ фІэкІа къамыгъэсэбэпу къызэрымынэр.

- Мытэмэму е щыуагъэкІэ ахъшэр щаутІыпщ къыщІэхъум и щхьэусыгъуэхэм тхутепсэлъыхьыт.

- ЗанщІэу жьысІэну сыхуейщ: ахъшэр щыкІуэд зи къэхъуркъым. ЦІыху щхьэхуэхэмрэ Іуэхущ1ап1эхэмрэ яті налогхэр, яптышхэр, адрей платёжхэр зыхуэфащэ счётым мыкІуамэ, къыІахэр зыхуахаа мурадыр мыгурыІуэгъуэу къыпытэ. Апхуэдэу къыщІэхъур мы къыкІэлъыкІэрщ. Ахъшэр зэрагъэхь документ хэтхэр къагъэльагъуэ хэхъуэхэмкІэ администратор нэхъыщхьэм и кодыр, зыхуэфащэ бюджет Іэнатіэм хэхъуэхэмкІэ и администратурым и кодыр, бюджет классификацэмкІэ кодыр, адрей реквизитхэр: ИНН-р, КПП-р, ОКТМО-р.

Ахъшэхэр счёт хэхахэм, бюджетхэм я хэхъуэхэр зи нэІэ щІэт администраторхэм къызэІуахахэм, къыщыгъэльэгъуащ икІи бюджетхэм я нэхъ, апхуэдэ щыкІэкІи бюджетхэм Іэмал ягъуэт езыхэм я пщІ къыщыдхуэ къыІэлъхэр ягъэзащІэну.

Гу лъывзэгъэтэну сыхуейщ мыбыи - псалъэм папщІэ, сэ къэзгъэльэгъуа реквизитхэм ящыщ зыр мыпэжу къыщІэкІмэ, езгъэжьа ахъшэр зыщІыпІи къыщащалъытэнущ.

◆1695 гъэм къэралым и пащтыхь Пётр Езанэм къыхилъхьэри, адыгэпщ Черкасский Алий (Михаил) Алигуокъуэ и къуэр Урысейм и генералиссимусу хахат. (Абы щыгъуэ ар дзэм и къулыкъу нэхъыщхьэт).

◆1799 гъэм дунейм ехьжащ США-м и пэ президенту щыта Вашингтон Джон.

◆1825 гъэм Санкт-Петербург и Сенатскэ утыкум дежь къыщызэрыІэтащ къэралым зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр щегъэкІуэкІын хуейуэ къызэгъэувэж. Ахэр ЦІыху миниищым щІигъурт. ЗэхъуэкІыныгъэхэм я нэхъыщхьэр къэрал унафэр пащтыхым къыщыдгъэкІыжынымрэ щыІэныгъэр гъэкІуэдыныжмрэт.

◆1844 гъэм Порт-Петровск къалэм (иджырей Мэхъэчкалэм) и лъабжьэр ягъэтІылъащ.

◆1893 гъэм Москва и Утыку плъыжьым Сату щыпІэ сатырхэр щыщыІэзыІуахауэ щытащ. Иджыпсту ар ГУМ тыкуэныншхуэрщ.

◆1911 гъэм Норвегием щыщ хъэхуэтакІуэ Амундсен Руаль япэу Ипщэ полюсым нэсащ.

◆1939 гъэм СССР-р Лъэпкъхэм я лигэм къыхахъэкІыжащ, Финляндиемрэ зэрезэуэмкІэ ягъэкъуанщэри.

◆1943 гъэм ВКП (б)-м и ЦК-м и унафэкІэ къащтащ СССР-м и Къэрал гимнщ.

◆1947 гъэм къыдэкІащ СССР-м и Министрхэм я Советымрэ ВКП (б)-м и ЦК-мрэ «Ахъшэ реформэм егъэкІуэкІынымрэ ерыскъы, промышленнэ хьэпшыпхэр къызэращэху карточкэхэр къэмыгъэсэбэныжынымрэ ятеухуауэ» я Унафэр.

◆1955 гъэм ООН-м хъэхьащ Австрие, Албание, Болгарие, Венгрие, Индонезие, Ирландие, Испание, Италие, Камбоджэ, Лаос, Ливие, Непал, Португалие, Румыние, Финляндие, Шриланка къэралхэр.

◆1975 гъэм Камбоджэ къэралым зэрэджэр Кампучие жиІэу зэрахъуэкІащ.

◆Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр щІэныгъэм тету джыным ящыІэ зезыпщІатэхэм ящыщ, адыгэбзэм, абхъазыбзэм, шэшэнбзэм я алфавит зэхэзылъхьа **Услар Пётр** къызэралъхуэрэ илъэс 201-рэ ирокъу.

◆Совет физик, академик, лазерыр къэгъэсэбэпыным теуху и къэхутэныгъэхэм папщІэ Нобель и саугъэтыр зрата **Басов Николай** къызэралъхуэрэ илъэс 95-рэ ирокъу.

◆Индием щыщ актёр цІэрыІуэ, режиссёр, зи сценарийрэ зи мылъкуІэ фильм куэд траха **Капур Радж** къызэралъхуэрэ илъэс 93-рэ ирокъу.

◆Дирижёр, КъБР-м гъуэджэхэмкІэ щыІэ зиІ и лъэкІуэ **Бекъуй Леонид** къызэралъхуэрэ илъэс 81-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пэрыт техьэ-текІуэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 5, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

● Ди псэлъэгъуэр

Къэралым и ахъшэ пхъуантэ

Іутіыж Шумахуэ

къэмыгъэхъуныжмкІэ.

Казначей кІэлъыплъныгъэм и ялэ Іыхьэрэ лицевой счётхэр ди деж къызэрыщызэІуахыр. Абы ахъшэр зезыгъакІуэхэм я Іуэхур къегъэпсынщІэ, сыту зыпІэмэ, ди официальнэ сайтым лэжьыгъэр тэмэму екІуэкІын папщІэ зэрыбгъэдыхьэн хуей щыкІэр икъуэкІ гурыІуэгъуэу къыщыгъэлъэгъуащ.

- УФ-м и субъектым и бюджетыр гъэзэщІэным теухуауэ сыт хуэдэ бгъэдыхьэкІэщІэхэр щыІэ?

- Республикэ бюджетым и ахъшэр зегъэкІуэкІынкІэ кассэ Іуэхуэхэбзэхэм я къызэгъэпэщкІэщІэ ди управленэм къыщагъэсэбэпу щІадзащ. Ар зытещІыхьар ахъшэр зыхуахаам щыхуей дыдэм ирихьэлІэу етыныращ, нэгъуэщІу жьІпІэмэ, Іуэху пыухыкІахэм трагъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетым къиутыпщ ахъшэр КъБР-м и бюджетым икІэщІпІэкІэ къыІэрыхьэнущ. Апхуэдэ лэжьэкІэм и фІыщІэкІэ ахъшэр зэрызэрагъакІуэр нэхъ зэІуахуэ къызэрагъэпэщу щІадзащ. Абы къыдэкІуэу къыщІэхъур мы къыкІэлъыкІэрщ. Ахъшэр зэрагъэхь документ хэтхэр щхьэкІэ къагъэльагъуэ хэхъуэхэмкІэ администратор нэхъыщхьэм и кодыр, зыхуэфащэ бюджет Іэнатіэм хэхъуэхэмкІэ и администратурым и кодыр, бюджет классификацэмкІэ кодыр, адрей реквизитхэр: ИНН-р, КПП-р, ОКТМО-р.

Ахъшэхэр счёт хэхахэм, бюджетхэм я хэхъуэхэр зи нэІэ щІэт администраторхэм къызэІуахахэм, къыщыгъэльэгъуащ икІи бюджетхэм я нэхъ, апхуэдэ щыкІэкІи бюджетхэм Іэмал ягъуэт езыхэм я пщІ къыщыдхуэ къыІэлъхэр ягъэзащІэну.

Гу лъывзэгъэтэну сыхуейщ мыбыи - псалъэм папщІэ, сэ къэзгъэльэгъуа реквизитхэм ящыщ зыр мыпэжу къыщІэкІмэ, езгъэжьа ахъшэр зыщІыпІи къыщащалъытэнущ.

◆1695 гъэм къэралым и пащтыхь Пётр Езанэм къыхилъхьэри, адыгэпщ Черкасский Алий (Михаил) Алигуокъуэ и къуэр Урысейм и генералиссимусу хахат. (Абы щыгъуэ ар дзэм и къулыкъу нэхъыщхьэт).

◆1799 гъэм дунейм ехьжащ США-м и пэ президенту щыта Вашингтон Джон.

◆1825 гъэм Санкт-Петербург и Сенатскэ утыкум дежь къыщызэрыІэтащ къэралым зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр щегъэкІуэкІын хуейуэ къызэгъэувэж. Ахэр ЦІыху миниищым щІигъурт. ЗэхъуэкІыныгъэхэм я нэхъыщхьэр къэрал унафэр пащтыхым къыщыдгъэкІыжынымрэ щыІэныгъэр гъэкІуэдыныжмрэт.

◆1844 гъэм Порт-Петровск къалэм (иджырей Мэхъэчкалэм) и лъабжьэр ягъэтІылъащ.

◆1893 гъэм Москва и Утыку плъыжьым Сату щыпІэ сатырхэр щыщыІэзыІуахауэ щытащ. Иджыпсту ар ГУМ тыкуэныншхуэрщ.

◆1911 гъэм Норвегием щыщ хъэхуэтакІуэ Амундсен Руаль япэу Ипщэ полюсым нэсащ.

◆1939 гъэм СССР-р Лъэпкъхэм я лигэм къыхахъэкІыжащ, Финляндиемрэ зэрезэуэмкІэ ягъэкъуанщэри.

◆1943 гъэм ВКП (б)-м и ЦК-м и унафэкІэ къащтащ СССР-м и Къэрал гимнщ.

◆1947 гъэм къыдэкІащ СССР-м и Министрхэм я Советымрэ ВКП (б)-м и ЦК-мрэ «Ахъшэ реформэм егъэкІуэкІынымрэ ерыскъы, промышленнэ хьэпшыпхэр къызэращэху карточкэхэр къэмыгъэсэбэныжынымрэ ятеухуауэ» я Унафэр.

◆1955 гъэм ООН-м хъэхьащ Австрие, Албание, Болгарие, Венгрие, Индонезие, Ирландие, Испание, Италие, Камбоджэ, Лаос, Ливие, Непал, Португалие, Румыние, Финляндие, Шриланка къэралхэр.

◆1975 гъэм Камбоджэ къэралым зэрэджэр Кампучие жиІэу зэрахъуэкІащ.

◆Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр щІэныгъэм тету джыным ящыІэ зезыпщІатэхэм ящыщ, адыгэбзэм, абхъазыбзэм, шэшэнбзэм я алфавит зэхэзылъхьа **Услар Пётр** къызэралъхуэрэ илъэс 201-рэ ирокъу.

◆Совет физик, академик, лазерыр къэгъэс

● Академик Аулъэ Мэлыч къызэрэтъхурэ илъэси 100 ирокъу

Щіэныгъэр цІыхубэм яхэзыхьа

Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Адыгеймрэ ПсыжьКъэрэшаемрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, Дунейпсо Адыгэ Академиемрэ и академик Аулъэ Мэлыч Хьисэ и къуэр 1917 гъэм щэкІуэгъуэм и 8-м Адыгеймрэ щыщ Хэгъэгушхэхьэблэ къуажэм къыщалъхуащ. Илъэс 13 фІэкІа имыныбжьу, ар хэтащ революцэ нэужьым щІэныгъэшагъэр зыгъэкІуэда гупхэм. Езым и къуажэм, къыщалъхуа и унэм абы къыщызэІуихауэ щытащ «ЩІэныгъэшагъэр гъэкІуэдыныкІэ Іуэхущапіэ».

1932 ГЪЭМ Мэлыч щІотІисхьэ Краснодар дэт, ЕгъэджакІуэхэр щагъэхьэзыр институтым физикэмрэ есэпымрэ щадж и къудамэм.

1936 гъэм щегъэжьауэ Аулъэр физикэмрэ есэпымрэ иригъаджэу къуажэ школхэм щопІажьэ, 1939 гъэм щегъэжьауэ ар Хуэдэ еджапІэм и унафэщІ.

1939 гъэм щэкІуэгъуэм и 11-м Аулъэр Дзэ ПлъыжьымрэиІэгъуэ ирагъэкІуэ. Аулъэм и щІэныгъэ ирагъэкІуэ.

1941 гъэм щегъэжьауэ ар Хэку зауэшхуэм хэтащ. Аулъэм и щІэныгъэ ирагъэкІуэ.

1941 гъэм щегъэжьауэ ар Хэку зауэшхуэм хэтащ. Аулъэм и щІэныгъэ ирагъэкІуэ. Мэзкуу щыгъэзыпІащІэ нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм иращыІыІа зэхэуэм, ар щытащ жьыжьэрыуэ топгъауэхэм я унафэщІу. Кьинэмыщіауэ, щІалэр Украинэм, Кьухьэпіэ, Илпщ-Кьухьэпіэ фронтхэм щызэуащІ. Хэку зауэшхуэр подполковник къулыкъур зэрихьэу щухуащ.

1942 гъэм щегъэжьауэ 1947 гъэ пщІондэ Аулъэр щоджэ Лениным и цІэр зезыхьэ Дзэ-политикэ академием. 1947 гъэм щегъэжьауэ 1949 гъэ пщІондэ зауэм къыщыщъхьэпэ Іэщ1агъэхэм хуе-

зыгъасэ еджапІэхэм щрегъаджэ. Хэку зауэшхуэм щызэрихьа Іыгъэхэм папщІэ Аулъэм къыхуагъэфэщащ Хэку зауэшхуэ орденым и етІуанэ нагъыщІэр, «Хахуагъэм папщІэ» медалымрэ нэгъуэщІ медаль 15-рэ.

1954 гъэм Аулъэм «Сталинград зауэм и тхыдэр» кандидат дисертацыр пхигъэкІащ, ижькІэ СССР-м и еджапІэ зыбжанэм щригъаджэщ. 1954 - 1967 гъэхэм АРИГИ-м, 1967 - 1994 гъэхэм Краснодар политехническэ институтым щылІэжьащ.

Лэжьыгъэм къыпэрыкІа нэужь, Аулъэ Мэлыч лэжьащ Краснодар краим и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу.

2001 гъэм дунейм ехьжащ, ахърэт нэху Алыхьым кърит.

Адыгэ гъэсэныгъэмрэ тхыдэмрэ щыпашэ цІыху щыпкъэ

Аулъэ Мэлыч Щоджэн районым щыщ абзэзэхэ къуажэм дэс мэкъумэшыщІэ унагъуэм ІыкІащІэхуащ. И адэ Хьисэ хуабэ узым щІилыкІам, сабийр иджыри илъэс ирикъуатэкъым. И анэ Гуащэнэ и дыщ къэкІуэжри, щІалэ цІыкІур и анэмрэ и анэшхуэ Мосэрэ япІащ. Сабий дыщэу къэтэджащ, и анэ шыпхъу-анэшхэм фІы дыдэу къэлъагъуэу, зыхалъхьэ щымыІэу. ЩІалэ цІыкІур упщІэ куэд зыт, щІэныгъэм зигу хуэзІуха хупхъэхэм ящыщ. И анэр, бзылъхугъэ Іущыгъэ ин зэрыхэлъам нэмыщІ, дзэн-бзэнкІэ Іэкіуэлъакіуэу, пщафІэнми хуэІэзэу щытащ. Бзылъхугъэр динми щыгъуазэт: Къуэн еджэр, нэмэз ищІыр. И сабийр ІыкІащІ, фІэщхъуныгъэ хилъхьэн папщІэ, ар илъэси 5-6 ныбжьым щитым къуажэ мыдрисэм иритауэ щытащ. ПІалъэ кІэщІым щІалэ цІыкІур КьурІэнымк тынш дыдэу кьеджэ хъуащ, тхьилъ лъапІэм щІэ икІам мыдрисэр къиуауэ япьытэрти, абыхэм хабжащ, хьэрпыбзэ зэрызригъэщІари и лэжьыгъэм къыщыхэсхьэпэжащ.

Мэлыч и анэшхуэ Мосэ щІалэм къыбгъэдихащ хъыбархэр, тхыдэхэр, таурыхъхэр, нарт уэрэдыжьхэр, абыхэм едэІуэныр ныбжьыщІэм и щІасэт, ешэми щІэуэ зыгуэр зэригъэувэн фІэкІа. Мосэ-жьэм щылажьэ пэщІэдзэ еджапІэм Мэлыч адыгэбзэми урысыбзэми щыхуеджащ, хьисэпкІэ зэригъэщІащ. Мосэ фІыуэ къыгурыІуэрт урысыбзэ умыщІэу жьыжьэ узэрыпэмысынури, ар щІалэ цІыкІум иригъэщІэнри пІалъэ ищІат. ЩІагъуэм станар цэм Мэлыч и анэшхуэм и ныбжьэгъу къэзакъ унагъуэ дэсащ - Лукьян Осипович Ларионов жьхуаІэм ейр. Бынунагъуэ дахэу, Іэдэбрэ хабзэрэ я зэхуэку дэлъу псэу Ларионовхэ я деж ящэри, Мэлыч а станицам дэт еджапІэм щІагъэтІысхьащ.

Ялэрэй классэр щІалэ цІыкІум къытехьэлъами, етІуанэ илъэсым и ныбжьхъэм я нэхъ дагъуэу, еджэнкІи, зекІуэкІэ дахэкІи къахэщу хъуащ икІи а къуажэм класситхур къыщиухащ. Аулъэм къэдрэ игу кьигъэкІыжащ мы станицэм зэрыщыІа зэманыр, щІэныгъэм хуэгъэза ялэ лъэбакъуэхэр абы зэрыщичар.

Сыт хуэдэ зэманми Аулъэм еджэныр и щІасэт, художественнэ тхылъхэм, ушэ классикхэм я тхыгъэхэм зыщигъэсагъаэзэрт, еджэным къыдэкІуэу цІыхубэ лэжьыгъэхэми жану хэтт. Аулъэм и Іыхьэ хилъхьащ къуажэм щІэныгъэншагъэр щагъэкІуэда лъэхъэнэм, езыр зэрыщІалэр дыдэм хуэдэу. Абы и ужькІэ ар щІэтІысхьащ Краснодар дэт институтым и физикэ-хьисэп къудамэм. Яблоневскэ дэт, консерв щащІ заводым щылажьэ щІалэгъуалэр, я Іэнатіэхэм зэрыпэрытым хуэдэуэ ар иригъэджащ. Институтыр фІыуэ къыуха нэужь, ар зыкъом щыгъэзэжри, Понэжьыхуэй дэт еджапІэм физикэмрэ химиемрэ щригъаджащ, Джаджэ станицэм щылэжьащ.

МАМЫРЫКЪУЭ Нуриет.

Унагъуэ

Гуащэ и дерсхэм къыщипсэлъэр зэІэпах къудейтэкъым, гум къранэрт: «Зы пщыхьэщхьэ гуэрым, «сешащ» жьэІэри, си щхьэгъуэсэм и джанэр сымыжьыщІу согъуэлъыж. «Ныжэкъэ сыпІэмэ-щэ?» согуэрыс сыздыхэлъым»... Хъыбар дахэ куэд щыІэщ, узыщытхъужу фэ къыптеуэми, щІалэгъуалэм зэхебгъэхьныр щхьэпэу. Апхуэдэт Гуащэ хэтащэджыжу и лІым и джанэр зэрижьыщІам теухуари. Зэхэзыхэзми зыжьрагъэжэми хьэкъыщІ, япхыкІырт, жьыщІыпхэр нэху кьекІ зэрымыкъунур. Гуащэ и еджакІуэхэр нобэ-пщэдей унагъуэ ихьэн пщащэ защІэри, джанэхэри яжьыщІынут, егъэджакІуэр зытепсэлъыхь урыс «декабристхэм » я щуІэгъэхэм ещхьу, мывэри вагъуэри ирагъэхуу ялІэхэм ядэпсэунут.

ИДЖЫ Гуащэ лэжьапІи кІуэжьыркъым, иригъэджэжьакІыжьам, ауэ и гупсысэкІэ хэІэтыкІар зэрыжанщ. «Жьыщхъэ махуэ» зыхужьІэн зэщхьэгусэхэм унагъуэ дахэ зэдаухуащ: я фІыр наІуэщ, я Іей зыщІыпІэ дежи къыщыхьэхырыкъым, ягъэпсэгъуэну зыхуэйм теухуауэ тІыри зэакъылэгъуащ.

ЦІыху екІу, зэпІэзэрыт, адрей къулыкъущІэ мыгурыІуэгъуэ къомым нэхърэ зыкІи нэхъ зэкІуэцІымылъ, уеблэмэ зыгурэжькІи нэхъ гутехуэгъуафІэ лІы тыншт «унэгу» жьхуаІэ цІыхухъуэм яІыщІ абы и щхьэгъусэр. Телевизор, тхылъ, кІэзет, хьэщІэ, дыуэщІ, хьэгъэлІыгъэ... ЦІыхуэм щахэгъуащхьІэ, гъащІэр хьелъуІащ. Кьалэку дыдэм хуэзэ я унэ зэлъыуГхам къыщыщІыхьэхэми апхуэдэу къыщІамыльытэн щхьэусыгъуэ Іэнэм теІытэжьащ.

Зи гугъуэм дигьалІэу зи щхьэ дымыльагъуэ утыкуІхэм я сурэтыр цІыхубэм ди нэгум щІэзыщІыхьыр ахэр нэхъыбэрэ зыльагъу я щхьэгъусэхэращ. Ауэ сыту Іэхъуцэу зилІ цІэрыІуэ я фызыфІхэр, жьидамыгъэнэр зэхамкъыж щхьэкІэ, псалъэмэ зэдэІуэжьхэуэ, жьаІэри зытепсэльыкъри нужьэгъуэ, зэш кІыхьым зэрри быдыр. ФІыр е щыІэкъым, е езыхэм ятеухуащ, е пщІыщ. ИужьреитІыр щызэтехуэ кьохъу. ПщІыр зи мыхьэрэмыр кьамыгъэпщІэнкІэ, кьагъэпщІар дзыхьмыщІ мыхъункІэ Іэмал щымыІэкІэ, (ухуейм ныбжьым телъхьэ) удзыпщІэм пэІэщІэ хьэнцырэзкІэ хуэмурэ хэпъэтыншэ, щхьэхэнэ, гурыщІхъуэщІ мэхъу. Дыдэпльеину зыхуэфащэ, хэт нэхъри нэхъ ехъуІауэ тлъытэн хуея Бырымбыкъуэ, дызыхуриджэ и «фІэщхъуныгъэм» езыр епцІыжа нэхъей, хэт нэхъри нэхъ насыпыншагфэ кьытуоуэ. «СыщимыгъэбзмпІам сигьэгуэвваш», - жиІэуэ дунеийм ехьжа и псэгъур игъейрт жаІэж пщІэ лей зыхуащІ лІыщхъэ гуэрым и щхьэгусэм. «Апхуэдэу плъагъу щхьэкІэ, цІыху гуГущ, сытым деж и хъуреягъэр къэжьхьыпІ уейуэ», - бэм я нэр къиГапльэрт нэгъуэщІ зым. Акъыли, хабзи, утыку итыну зи натІэм зыхуэгъэфащэ гуакІуагъ гуэри зыбгъэдэлъ мы нэрыбгэ зэкІэлъыкІуэхэр ди нэгум зыщагъэщІэрэщІэным кьыдэхуэу щытамэ, зэпльыжьыфынкІи зальъгъужьефынкІи хъунт, ауэ яхущІыхьэ кьыщІэкІынкъым, нобэ хьэщІэ екъэ Гуащэ хуэдэу.

Гуащэ а зи гугъу тщІыхэм зыкІи ещхьыкъым, абы дин зэрехьэ. ФІэфІу, и фІэщу, и гукъабзагъым къызэрихьКІэ къимыкІуэтрэ тэмакъкІыхьу. И щхьэщІр щІэзыхьумэ и Іэльэщыкъкім, и жьэр зэтрихьу къызыкъуэдиярк. Шэрихьэт хабзэкІэ абы зэригъэпэщат цІыхубэр зэпсымыууэ къэзыхьумэн дзэ, зауэлІэхэр къыхьыхэ зэпытУ. ЦІыхубэм зауэлІэр зыхьэсуэрэ зэрыкъуэнкІэ дипломат губзыгъэуэ щытащ. Щхьэхуэ-щхьэхуэу зохэт адыгэ лъэпкъэр зэгуэгъэхьэныкІэ, ахэр псори кьызэщІэзыубыдэ унафэм щІэгъэувэныкІэ иригъэкІуэкІа Іажьыгъэмкіэ ар XIX лІэщІыгъуэм адыгэ къэралыгъуэ ухуэным ГъунэгУ дыдэу бгъэдыхьэхэм ящІ.

Мухьэммэд-Іэминщ Адыгэ Хэкум зэпымыууэ яІыгъ дзэ, мыльку, Іэщ, улахуэкІэ яГэлажьэ къулькъущІэ гуп япэу къыщІэзэзыГэпэщари, уІэгъэ хъуэхэм, зэкІуэдахэм я унагъуэкъэм мыльку хухатыкІын хуейуэ утыку кьихьэу зыукъуэдияри. Шэрихьэт хабзэкІэ абы зэригъэпэщат цІыхубэр зэпымыууэ къэзыхьумэн дзэ, зауэлІэхэр къыхьыхэ зэпытУ. ЦІыхубэм зауэлІэр зыхьэсуэрэ зэрыкъуэнкІэ дипломат губзыгъэуэ щытащ. Щхьэхуэ-щхьэхуэу зыхуэгъэхьэныкІэ, ахэр псори кьызэщІэзыубыдэ унафэм щІэгъэувэныкІэ иригъэкІуэкІа Іажьыгъэмкіэ ар XIX лІэщІыгъуэм адыгэ къэралыгъуэ ухуэным ГъунэгУ дыдэу бгъэдыхьэхэм ящІ.

Мухьэммэд-Іэминщ Адыгэ Хэкум зэпымыууэ яІыгъ дзэ, мыльку, Іэщ, улахуэкІэ яГэлажьэ къулькъущІэ гуп япэу къыщІэзэзыГэпэщари, уІэгъэ хъуэхэм, зэкІуэдахэм я унагъуэкъэм мыльку хухатыкІын хуейуэ утыку кьихьэу зыукъуэдияри. Шэрихьэт хабзэкІэ абы зэригъэпэщат цІыхубэр зэпымыууэ къэзыхьумэн дзэ, зауэлІэхэр къыхьыхэ зэпытУ. ЦІыхубэм зауэлІэр зыгъэсуэрэ зэрыкъуэнкІэ дипломат губзыгъэуэ щытащ. Щхьэхуэ-щхьэхуэу зыхуэгъэхьэныкІэ, ахэр псори кьызэщІэзыубыдэ унафэм щІэгъэувэныкІэ иригъэкІуэкІа Іажьыгъэмкіэ ар XIX лІэщІыгъуэм адыгэ къэралыгъуэ ухуэным ГъунэгУ дыдэу бгъэдыхьэхэм ящІ.

Мухьэммэд-Іэминщ гуащІэу зыкъыпщІасэрт адыгэщІыкІэ зэрыкъэмрэ, демократиер и лъабжьэу Щамил и лІыкІуэм иригъэкІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэр ягу иримыхьу. Іуэхур нэхъ гугъуэ ищІт адыгэ пщы-уэрэкъэр мыльКуКІи псалъэкІи зыгъэгушуэху Тырку къэралыгъуэм и политикэм. «Пщы-лІыгъэр зыгъэкІуэдыж, лъэпкърэ лІакъуэкІэ зэхэгъэж зымыщІ, псори зэхуэзыгъадэ Мухьэммэд-Іэмин адыгэпщІэмрэ уэркъэкъэмрэ я пщІэр иГэпльакъэшэрт, ардыдэмкІэ кьызэрыгуэкІ цІыхуэр и лъныкъуэ кьищІыт. Ар и щхьэусыгъуэу джьнахэмрэ уэркъэкъэмрэ Мухьэммэд-Іэмин бий кьыхуальхъэ-зэрыщІ», - дыкъыщІэрт Шэрджэсейм щимыгъэуву, и ущиякІуэм игъэунэхуэхэр Адыгэ Хэкум нэхъ кьызэрыщІэзэрыщ хуэдэу кьызэрыгъэсэбэпар.

Ар адыгэ лъэпкъэхэр раурыльуэу зэгъэхьэныр хэтащ икІи а мурадым лъэІэсын пащІэ зыхуэфащэ Іэхъуцлаіэхэри кьызэригъэпэщащ. Езым и унафэм щІэт цІыхубэр дэтхэнэми унагъуи 100 кьызэщІиуІ быдэу, хьэблэ-хьэблэу зэпиудри, хьэблэ къэс Іыхьэ иритку ирикІыІыжащ. УнафэщІ нэхъыщІэ дыдэхэр щухахэр ящхьэ зэхуэсырт. Дэтхэнэ хьэблэми суд щІыхьэт ефэндыр и унафэщІу. Ефэндыр зыгъэувыр щэрихьэт узэщІакІуэу щыт Мухьэммэд-Іэминт. Псалъэм къыдэкІуэу жыс-Іэнщи, литературэм кьыхэнащ, щэрихьэт хабзэр и лъабжьэу Іуэху нэхъ тКІий дыдэхэми унафэ тращІыкІ. МурзыщІатам и щапхъэхэр. Кавказ археографическэ комиссэм и актхэм мыпхуэдэ псалъэхэм ящІрохьэлІэ: «Асиялов Мухьэммэд-Іэмин езым и щэрихьэт судыми-кІэ гъащІэгъуэну щабэу зэгуригъэІуэжьыфыт бий зэхуэхъуа лъэпкъ щыхуэхэр».

Мухьэммэд-Іэмин къэрал лэжьакІуэуи, дзэпщ акъылыфІэуи, Тыркум, Европэм щыщ къэралхэм я лІы-кІуэхэм запызыщІэф дипломат губзыгъэуэ щытащ. Щхьэхуэ-щхьэхуэу зохэт адыгэ лъэпкъэр зэгуэгъэхьэныкІэ, ахэр псори кьызэщІэзыубыдэ унафэм щІэгъэувэныкІэ иригъэкІуэкІа Іажьыгъэмкіэ ар XIX лІэщІыгъуэм адыгэ къэралыгъуэ ухуэным ГъунэгУ дыдэу бгъэдыхьэхэм ящІ.

Мухьэммэд-Іэминщ Адыгэ Хэкум зэпымыууэ яІыгъ дзэ, мыльку, Іэщ, улахуэкІэ яГэлажьэ къулькъущІэ гуп япэу къыщІэзэзыГэпэщари, уІэгъэ хъуэхэм, зэкІуэдахэм я унагъуэкъэм мыльку хухатыкІын хуейуэ утыку кьихьэу зыукъуэдияри. Шэрихьэт хабзэкІэ абы зэригъэпэщат цІыхубэр зэпымыууэ къэзыхьумэн дзэ, зауэлІэхэр къыхьыхэ зэпытУ. ЦІыхубэм зауэлІэр зыгъэсуэрэ зэрыкъуэнкІэ

● Гъуазджэ

«Шэджэм псыкъелъэхэм» я щIыхьыр

«Шэджэм псыкъелъэхэр» цIыхубэ ансамблыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 45-рэ зэрырикъур Шэджэм къалэ дэт Щэнхабзэмкlэ унэм иджыблагъэ щагъэлъэпIащ. Районым и напщIэу къалъытэ а гупым ди щIыналъэр щIыпIэ куэдым къащигъэцIыхуащ.

ГУФIЭГЪУЭ зэхыхьэм кърихьэлIат Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм и Iэтащхьэ **Текlушэ Артур**, районым и щIыпIэ самоуправлензм и Советым и тхьэмадэ **Уэдыжь Хьэсанш**, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI **Сэнэ Иннэ**, щIыналъэм и къуажэ администрацIэм я Iэтащхьэхэр, Iэзэущlапlэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Пшыхьым щагъэблэгъат цIыхубэ ансамблыр къызэзыгъэпэщахэр, нэхъ апэкlэ гупым хэта нэхъыжьыфIхэр. Ахэр Iэгуауэ иным щIэту ирашащ илъэс куэдкlэ ягъэбжьыфIа утыкум. Абыхэм ящыщу кьызэдэфэу щытахэм гухэхъуэу пасэрей кьафэжь щагъэззэщlащ утыкум. Нэхъыжьхэм а кьафэм кьащагъэлъэгуащ уардагьыр, зыIыгъыкlэр, кьафэм щIэлъ щIагъыбзэр псалъэкlэ кьыпхуэуэтэнкъым.

Ансамблым кьикIуэ гъуэгуанэм кlэщу яхутепсэльыхьащ Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацIэм щэнхабзэмкlэ и управленэм и унафэщI **Вэрокъуэ Ларисэ**.

- Ансамблым фестиваль, зэпеуэ куэдым бжьыпэр щиубыдащ. Болгариием, Тыркум, Японием, Голландием, здэщыIа нэгъуэщI къэралхэм абихэм я творческэ Iэзэгъыр, адыгэхэм я щэнхабзэ бейр нэсу щагъэлъэгъуащ, - къыхигъэщащ Вэрокъуэм.

Гупыр зэфIэзыгъэувахэм, абы си гуащIэ хэзыльхьауэ дунейм темытыжхэм кьызэхуэсахэр зы дакьикъэкlэ яхуэщыгъуащ.

Пшыхьым щагъэльэгъуащ ансамблым нэхъ ипэкlэ трахауэ щыта нэтынкэр.

Текlушэ Артур кьыщIэпсальэм зэхъуэхъуар ансамблым хэтхэм я закъуэкъым, атIэ а гуп дахэр кьызыдалъагъуу щIынналъэм щыпсэу дэтхэнэми зыхуигъэзащ. Хахауэ я цIэ къриIуащ а творческэ гуп дахэр зэхэзышахэм, абы и ныбжьэхэм. Ансамблым нэхъапIэхэр хэтахэм ящыщу а пщыхьэщхьэм утыку кьихьэу къэфахэм нэхъыщIэхэр ядэпIеину, щапхъэ трахыну кьыхуриджащ Текlушэм.

КъыкIэлъыкIуэу къэпсэльащ Шэджэм щIыналъэ администрацIэм и Iэтащхьэм и къуздзэ **Iэрыпщ Жаннэ**, Щхьэлыкъуэ къуажэ трахауэ щыта нэтынкэр.

Текlушэ Артур кьыщIепсальэм зэхъуэхъуар ансамблым хэтхэм я закъуэ **Къэбжьыхь Артур** сымэ.

КъБР-м и Парламентым, Правительствам, Щэнхабзэмкlэ министерствэм, Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацIэм, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым КъБР-м щIэ къудамэм кьабгъэдэкI фIыщIэ, щIыхь тхыльхэмкlэ ягъэлъэпIащ ансамблым хэтхэр.

Я уэрэд, гушыIэ дахэхэмкlэ КъБР-м и цIыхубэ артист **Думэн Мурадин**, Музыкэ театрым и солистхэу **Къуэдзокъуэ Алим**, **Жубоев Жамбулэт** сымэ, «Джигиты Чегема» ныбжьыщIэ къэфакIуэ гупым пшыхьыр ягъэдэхащ.

КIАРЭ Элинэ.

● ФIыщIэ

«Шэ хьэлэл ефащ» зыхужаIэхэр

ЩIэх-щIэхыурэ зэхьидох ди хабзэхъумэхэм яхуэгъэза щытхъу, фIыщIэ псалъэхэр. ЦIыхухэр зэрызэхуэгъэ Инстаграм сетми мымащIэрэ сыщрихьэлIащ ГИБДД-м и лэжьакIуэхэр цIыхухэм сэбэп яхуэхъуауэ, абы папщIи фIыщIэ хуащIу.

ХЭТ И ГУГЪЭНТ сэри апхуэдэ щытыкIэ сихуэну. Рулым сыдэсу гъуэгу сызыдытетым, кьыщыщIари кьызгурымыIуэу, си машинэр ункIыфIащ. СщIэнур сымыщIэу, заулрэ машинэм сисащ. Сигуми фIы лъэпкъ «кьиупэпхъэщыртэкъым»: пшапззэхэуэгъуи хъуащ икIи си закъуэщ, лъэсу сежьэжми дауэ сыхъуну? А псори ззэгъэзахуэу, машинэри схуээщIэмынэжу, сэри абы сыкъымыкIыну зыкъомрэ сыгупсысащ. Апхуэдэу сыщыскlэ си Iуэхур зэрызэфIэмыкIынур, си машинэр езыр-езыру зэрызэщIэмынэжынур фIы дыдэу кьызгурыIуэри, абы сыкъубэкъуакIащ. Жьы щIыIэр кьысщIрагъэхуу машинэ зыкъом зблэжауэ, сэри Iэ сщIыуэ зыгуэр кьэзгъэувыIэным сытемыгушхуэу Iэнкуну сыщыту, ГИБДД-м я дамыгъэ зытет машинэ кьэсри, кьэувыIащ. Абы кьикIа щIалэхэм си Iуэху зытетыр зрагъащIэри, си машинэми схуепльащ. Зыкъомрэ елIапIа нэужь, си машинэри зэщIэнэжащ. Езыхэр щежьэжари сэ гъэзгу сытрагъэувэжа нэужьщ.

А щIалэхэм я цIэ-унэцIэр ззэмыгъащIэуи дауэ хъунт?! Апхуэдэу кьызэгуэпа щIалэхэр Къумыкъу Руслан Юрий и кьуэмрэ Бэлагъы Азэмат Роберт и кьуэмрэщ. Псалъэ гуапэ яжесIэну, фIыщIэшхуэ яхуэсщIыну сыхуейщ апхуэдэ бын зыгъэса я адэ-анэхэми. Ди лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ кьыдекIуэкI адыгэ хабзэм анэр зэрыщIапIыкIар нэрыльагъу сщыхуащ сэ. Ди нэхъыжьхэм, цIыхум щытхъунумэ, «Шэ хьэлэл ефащ» зыхужаIэу щытар апхуэдэхэрауэ кьыщIэкIынщ. Шэч кьытесхьэркъым Русланрэ Азэмэтрэ апхуэдэу зэрыщытым икIи щытыкIэ гугъу ихуа дэтхэнэми щIэгъэкъуэн зэрыхуэхъунум.

Зи кьаланым хьэлэлу бгъэдэт, цIыхухэм я шинагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыныр япэ ирагъэщу лажьэ а щIалэхэм мы ИльэсыщIэ кьэблагъэмкlэ си гуапэу сохъуэхъу икIи дэрэжагъуэ, екъуIэныгъэ яIэу, я лжьыгъэкIи, я унагъуэкIи я Iуэху зэпэщу, фIыуэ яльагъухэр яхуэзыныщэу псэуну си гуапэщ.

ЩОДЖЭН Заирэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

ХьэщIэщым щодыгъуэ

2017 гъэм щакIуэгъуэм и 29-м Урысей МВД-м Налшык къалэмкlэ и Управленэм и плъыр частым зыхуигъэзащ Ростов областым щыпсэу, илъэс 34-рэ зи ныбжь щIыхухъум. Абы зэрыжиIамкlэ, ар къыщIувыIа хьэщIэщым и пэшым щIэкIуэдыкIат сом мин 80 зэрылъ и банк картэр.

УПРАВЛЕНЭМ уголовнэ къэлъыхъэныгъэмкlэ и Iэнатlэм и лэжьакIуэхэмрэ полицэм и участковэ уполномоченнэхэмрэ щэч зыхуащIыр яубыдащ. Ар илъэс 23-рэ зи ныбжь, хамэ къэрал гъунэгъуэхэм ящыщ щыи щыщ, пIалъэкlэ Налшык къалэ щыпсэу цIыхубзыр, хьэщIэщым щIэс и цIыхугъэхэм я дежь къэкIуауэ арат.

Цlыхубзым илэжьамкlэ зиумысыжащ. Идыгъуа ахъшэм щыщу кьыщIэнэжар къэтхрыжащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущlапlэ.

● Iэпщэрыбанэ зэзауэ

Мырзэкъанымрэ Беслъэнеймрэ дунейпсо зэхьэзэхуэм щытокIуэ

Мэзкуу дэт «Вегас» хьэщIэщым дыгъэгъазэм и 5-м щекIуэкIащ Iэпщэрыбанэ зэзауэхэмкlэ Чемпионхэм я лигэм и финал зэхьэзэхуэр. Абы фIы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменхэм.

НЭХЪ ХЬЭПЪЭХЭМ я зэпэщIэтыныгъэм Мырзэкъан Азэмэт хьэрэгъэгъу къыщыкъуэхуащ Дагъыстэным щыщ Омаров Курбан. Арщхьэкlэ зэзауэм и етIуанэ Iыхьэм Омаровым и лъакъуэр игъэуэзыжри, утыкум икIыжькн хуей хъуащ. Техническэ нокауткlэ текIуэныгъэр Мырзэкъаным кьыхуагъэфэщащ.

Зи хьэлъагъэр килограмм 80-м нэблагъэхэм я гупым Лигэм и чемпионым и дыщэ бгырыпхым щIэбэнащ Беслъэней Нурмухьэмэд. ЗэуущIэм и апэ Iыхьэр имыуж щыкIэ абы нокауткIэ кьриудащ Узбекистаным къыхэкIа спортсменыр икIи текIуэныгъэр зыIэрыгъэхьащ.

КьыщынэмыщIауэ, Беслъэней Нурмухьэмэд кьыхуагъэфэщащ «Зэхьэзэхуэм и спортсмен нэхъыфI» саугъэт щхьэхуэр.

Фигу кьэдгъэкIыжынщи, Мырзэкъан Азэмэт Iэпщэрыбанэ зэзауэхэмкlэ дуней псом и абсолютнэ чемпионщ. Беслъэней Нурмухьэмэд а спорт лIэужьыгъуэ дыдэмкlэ щэнэйрэ дунейпсо чемпионщ.

ЩIалэхэр ягъасэ Мамхэтэхъ Хьэчимрэ Iэдэмрэ, Бэрэгъун Зубер сымэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Джиу-джитсу

Щапхъэ зытрахщ Урыс Мухьэмэд

Мы махуэхэм Мэзкуу щекIуэкIащ джиу-джитсумкlэ дунейпсо чемпионат. Абы хэтащ къэрал куэдым кьикIа спортсменхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ бэнакIуэхэм зэхьэзэхуэм ехьулIэныгъэшхуэхэр щызыIэрагъэхьащ.

БАЛИГЪХЭМ я деж тIэунейрэ дунейпсо чемпион щыхъуащ Урыс Мухьэмэд. Зы махуэм кьриубыдэу абы дыщэ медалитI кьихьыфащ - ешэр щыбанэ хьэлъагъым щытекIуэри, абсолютнэ лIэужьыгъуэми пашэныгъэр щиубыдащ. Щыбэнэ гупхэм дыжьым медалхэр щызыIэрагъэхьащ Iэпщащэ Абдулыхь, КIуэкIуэ Мухьэмэд, IэшэгъуфIэ Астемыр сымэ. Зи хьэлъагъыр килограмм 65-м нэблагъэхэм я зэхьэзэхуэм жэз медалыр къыщихьащ Шэт Инус.

КЪЭХЪУН Бэч.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур дыгъэгъазэм и 15-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкlэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщlэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Изэ.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Кьыдэзыгъэкlэжмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторыр нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ - 40-15-31; зэдзэкlакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкlэр зэтехуэ зэпыту щытыкIэм.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъумэныжкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэмэ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *редактору* **Льостан Музэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.425 ● Заказ №1589

ЩОДЖЭН Риммэ

Илъэсыщ Iэ жэщ

(Повестым щыщ пычыгъуэ)

ЩIымахуэ уает. Шыц уэсыр зэрихьэу кьесырт. Илъэсыщ Iэр я унэ кьыщрагъэхьэну псори пIащIэу кIуэжырт. Инус зыщIэс щхьэжитыр, бжьэ кьэпщIам хуэдэу зэгуэр студентхэр щызырызэхьэу щытауи умыщIэжыну, нэщI хъуат. Езым фIэкIа кьыщыщIэмынэжым, хьумакIуэ лIыжьым илъэсыщIэмкlэ екъуэхъури, я унэ екIуэлIэжхэм заригъэщхьу, гъуэгу техьащ.

Инус щIалэ лъагэ зэкIужт. ЕджапIэ нэхъыщхьэм кьытекIуэ щымыIэу щеджэрт, емыджэуи хьурэт, абы стипендиеу кьрат тIэкIурат ахъшэу кьыIэрыхьэхэр. КIэщIу жыпIэмэ, и щхьэ закъуэ-и лъакъуитIт.

«Сыкlуэн хьэмэ сымыкlуэн? Дауэ сщIымэ, дауэ хъуну?» - жиIэурэ, темыгушхуэщIу кьалэ уэрамым иIэ лъэс лъагъуэм ирикIуэ щIалэр гупсысэ куум хэтщи, и вакъэ лъащхьэм дэщащэ уэсым и лъакъуэр псыф зэрищIри зыхищIэркъым.

Балигъ ныкъуэхъуэм а дакьикъэм зэригъэзахуэхэм и гур мафIэу кьрасыкIырт. Хэлпъэгъуэт абы и Iуэхур...

Инус и адэ-анэр пасэу зэбгъэдэкIыжат, езыр зыпIыжар и анэшхуэрат. Ар дунейм щехыжым, екIуэлIапIэншэ дыдэхъуат тхьэмыщIкIэр. Илъэсыщ Iэр анэшхуэмрэ Инусрэ зэгъуэгу кьрагъэхъэ хабзэти, мы гъэм ари щыфIэкIуэдым, кьыщIэхуат...

«Илъэсыщ Iэр дауэ си закъуэу кьизгъэхьэн? Си адэм дэж сыкlуэн? Хамэ цIыхубзым сыкъытемыхьэлъэну пIэрэ? Хьэуэ, си анэм и дэж сыкlуэнщи нэхъыфIщ. Сыкlуэр Iуэху, абы и пIы ефэрежьжым си ягъэкIэ псалъэмакъ хидзэмэ-щэ?», - а гупсысэхэм хэтурэ щIалэм гу лъитакъым кьалэ гъэнэм иIэ губгъуэ нэщIым зэрынэсам. Ар и анэр щыпсэу щIыпIэм ухуэзышэ гъуэгум тетт. Арыхьэу машинэм Iэ хуищIри, кьиригъэувыIащ, Илъэсыщ Iэ жэщым гъуэгупщIэр тIуащIэу Iахми, сыт ищIэнт, щIалэр арэзы хъури, и анэм деж екIуэлIащ.

Машинэм кьызэрибэкъуэкIыу абы кьыIурыуат бжьыныхукIэ шыужа гуэгушыл гъэвам и мэ Iэфыр. Махуэ псом мышхам и гурыIупсыр зэуэ кьэжат, ауэ унэм щыхьэн тегушхуакъым.

«Яраби, си анэр зыгуэр хуейуэ унэм кьыщIэкIамэ, зыкъезгъэлъагъунт. Сыту насыпышхуэ уи анэр зыщIэс унэ пщыхьэщхьэ къэс уекIуэлIэжыну... Тхьэм жиIэрэ еджапIэр къэзухмэ, Iэджэ кьыхуэсхьурэ хьэщIапIэ сыкъыхуэкIуэнкъэ...», - жеIэ зи гур кьызфIэзэрыхьа щIалэм.

Уаем щигъэдийм, тегушхуэри, хуэмурэ пщIантIэм дыхьащ. Джэуэ щызэхамыхьм, щхьэгъубжэм тоIэбэри, тоуIуэ. ЗанщIэуи анэм бжэр кьыIуэх.

- СыныщIыхьэ хъуну? - макъ щабэкIэ зыхуегъаэзэ Инус и анэм.

- Хъунущ, - Iэнкуну жэуап кьет цIыхубзым. - Сыту щIалэшхуэ ухъуа!

- Мыбы кьэкIуа ажэгъафэм фелпыт! Хэт и гугъэнт? - жиIэурэ и Iэшхуэжэр зэтригъауэурэ абы кьыбгъэдохьэ и мылъхуадэр. - Тхьэр согъэпцI, мы абджыр уи щхьэм тезмыкъутэмэ! Зегъэхь укъызэдикIам, - жеIэри, зыкъытрешащIэ.

Ар зэхэзыха Инус сыт ищIэнт? Зыкъигъаэзри, кьыщIэкIыжащ.

«Ей, си анэ, си анэ, шей кьарэ фIэкIа димыIэми, ди щхьэ дыхуитыжу зы унэ дыщIэсыжамэ, нэхъыфIтхъэ? Хэтхэ я лIыжь хьэ хьэупелйм хуэдэу сыкъезыхуэкIыр? - жиIэурэ, щIалэ тхьэмыщкIэр зэппъэкIыжурэ кьыдэкIыжащ.

Илъэсыщ Iэ жэщым псори я унэ исыжти, цIыху зэхэзекIуи машинэ зэхэзежи щыIэжтэхъым. Инус гъуэгу Iуфэм дэкIуэй-кьехьжу тетт, и ар зыщIэс унэм пэIэщIэ зимыщIыщу, ар и кьуэм щхьэкIэ гуэвэзу кьыщIэкIыу кьэпльэну щыгугъырт. А тхьэмыщкIэм и стипендие зэхуихьэса тIэкIур машинапщIэу иритати, зэрыкIуэжьыни кьыIэщIэнатэкъым. «Си анэр кьэмыкIуэми, си шыпхъу щыкIур кьыдэмыкIыну кьэнэнкъым, сэ абы фIыуэ сыкъелъагъу. Сежьэнщ иджыри». А гупсысэхэм ягъэгугъэурэ кIарц жыгыжьым зыкIэригъэщIауэ кIэрыту нэху кьытещхьащ абы.

... Инус и анэр щыдэкIуэжьми, ипхъу Роззэ и закъуэт эдишэжар, ауэ цIыхубзым нэплъэгъуэ имыIэу, и гъащIэр дгъэзэегъуэу ихьырт. И дэлъхур зыльэгъуэ Роззэ цIыкIу дыгъуэпшыхь лъандэрэ ипкI-ипльми, кьыщIэкIыпIэ игъуэтатэкъым. ИгъэтIылъа ахъшэ тIэкIр щэхуу кьыкъуиныжри, гу кьыльамытэн хуэдэу нэхущым унэм кьыщIэкIащ. Макъ иримыгъэщIу бжэр хуищIыжри, пIащIэу пщIантIэм кьыджащ. Уэсым щIэжрэ джалэмэ, кьэтэджыжу ар кьрожэ уэрам бгъуэшхуэм, ауэ быдэу иIыгъ и ахъшэр Iэпыхункlэ мэшынэри, кьэувыIэурэ и Iэгум илъым йоплъ.

Гъуэгубгъум екIуэкIыу щыт кIарцейжэм языхъэшм кlэрыгъэщIа и дэлъхум бауэбапщэу бгъэдэлъадэри ахъшэр хуиушиящ, кьалъагъункlэ гузавэрэ кьызэплъэкIыу.

- Мэ, Инус, мыращ сиIэр, нэгъуэщI мыхъуми гъуэгупщIэ пхуэхъунщ.

- Си шыпхъу закъуэ, дауэ укъамыщIэу удыхьэжыну? «Удэкlащ» - жеIэрэ ауукIмэ, сыунэхъужакъэ...

- Умыгузавэ, Инус, сэ щхьэжкlэ. Дыгъуэпшыхь уэ уамыгъашхэу укъызэрыщIахужам щхьэкIэ сыбампIэри, сэри сахуэшакъым.

- УмыпIащIэ, мыдэ зэ лэжьэн щIэздзэмэ, узгъэфIэжынщ.

И шыпхъуи Iэплlэ хуищIыжщ, машинэ кьэувыIам итIысхьэри, Инус ежьэжащ.

ЗдэкIуэжа общежитым цIыху щыдымтэкъым, ерыскъы дзэкъэгъуи щIэлъэкъым. Зигъэхуэбэжщ, и щыгъын псыфыр зэрихьэкIри, ипэмыжыжьэу щыт шхапIэм кIуэри щеIэ тIэкIу ефащ. И шыпхъум кърита ахъшэм щысхьри, гур кьыщIэзыуфыдэн гуэри кьишэхуакъым.

И пэшым кьыщIыхьэжщ, хуабэу зыщIиуфэри, Iурихащ. Арщхьэкlэ жэщ ныкъуэм мэжалIэу кьызэщIуэри, шхын кьыпIыхьэуу сырэм допльэ, кьыдэгъэжжэр щIепщытыкI. И нэр тохуэ шыгъу тIэкIу зыкIуэщIыльтхыпIыпIэ хужьым. Шыгъум и гур кьиуIэхукIэ йобзей, псы шынакъ трефыкьыхри мэгъуэльъэж.

Махуитlкlэ апхуэдэу псэуауэ, и ныбжьэгъу щIалэр пасэу кьуажэм кьикIыжри кьэкIуэжащ, гъуэмылэ зэпэщхэр иIыгъыу. ЩIалэр Инус и Iуэхум фIыуэ щыгъуаэзэри, арат щеIэщIэкIар.

- Сыту анэфI уиIэ! Алыхьым пхуигъэузынщэ, - жиIэри, ехьуэхъащ Инус тIэпIу зыгъэшха и ныбжьэгъум.

И ныбэ из хъуа щхьэкIэ, Инус гукъеуэ и куэдт. И анэм и насыпыр зэрымыуыбыжар, ар гугъу зэрехьыр, и шыпхъу цIыкIр зэрыпIэщIэр къехьэлъэкIыпэрт абы. И унагъуэр зы зэрищIыжын гупсысэр и щхьэм щыкIэрахъуэ зэпытми, хэкIыпIэ лъэпкъ хуигъэтыртэкъым.

Инус стипендие кьратыху и шыпхъум кIэнфет кьыхуищэхурти, школым кIуэурэ илъагъурт.

Апхуэдэурэ а гъэри икIри, аргуэру Илъэсыщ Iэ жэщыр кьэблэгъащ. Аргуэрыжьти, гупсысэм хэхуащ щIалэ екIуэлIапIэншэр. КъращIауэ щыта псори фIыуэ ищIэжми, абы и шыпхъу цIыкIур илъагъун щхьэкlэ тегушхуэри, и анэм деж кIуащ.

Нэсрэ дыхьэмэ, пщIантIэр дащыщынщэ, япэхэм зэуэгу ерыскъыми берычэтымэ лъэпкъи кьыдихыртэкъым абы. Инус гузавэу щыщIыхьэм цIыхухъу губжьам и шхыдэ макъ зэхех. ПкIэунэм зыщызыгъэпщкIуа и шыпхъур кьокIий абы хэту:

- Инус, Инус, унэм ущIэмыхьэ.

- ПкIэунэм ущIисыр сыт? Хэт зызыщыбгъэпщкIуар?

- Си закъуэти, сышынэри сыкъыдэпщеящ. Ди гъунэгъулIыр кьекIуэкIауэ ныжэбэ гьащхьэ сыкъерехуэкI... - жиIэри зыхуэмыубыдыжу гъащ тхьэмыщкIэр.

- Умыгузавэ, сэ абы хуэфI сыхъунщ. Дэнэ щыIэ ди анэр, абы и щхьэгъусэр?

- Мамэ сабий цIынэ иIэу сымаджэщым щIэлъщ. И щхьэгъусэрэ абы деж кIуауэ къэтщ, мы делэжьым игъэсэуефауэ. Сыты фIыуэ уэкIуа! КхъыIэ, умыкIуэж, - жи хьыджэбэ гужьеям.

Инус губжьауэ унэм щIохьэри, и шыпхъум лей кьезыхыну мурад зыщIа лIы лъагъуэуейр кьеубыдри фIыуэ кIуэщекъухь.

- Пхуэфащэр кьыпщыщIащ. Уи гугъатэкъэ сэ кьысщхьэщыжьи симыIэу, - жиIэурэ лIы чэфым игу тригъэзэгъащ Роззэ. ИтIанэ лIыр я куэбжэпэм нэс яльэфыжри, здэлъхуэзэшыпхъум унэм щIэлъ шхын хьэзырыр IэфI дыдэу эдашхащ.

Жэщ псом нэбдзыпэ зэтралъхьакъым тIуми: зэжраIэжьи я мащIэт апхуэдизрэ зэпэIэщIэу щыта зэанэкIилъхуэхэм?!

Инус ищIэнур имыщIэу утыкум кьинат. КIуэжьнущи - и шыпхъум щхьэкIэ мэшынэ, мыкIуэжми - мылъхуадэр кьыдыхьэжмэ, псалъэмакъ хидзэнущ.

Арщхьэкlэ, мылъхуадэр пхъу кьызэрыхуалъхуам къигъэгумэщIауэ кьэкIуэжати, здэлъхуэзэшыпхъум ящыгуфIыкIащ. ЛIыр кьызэрыкIуэжар щилъагъум, Инуси игу загъэри кьежьэжащ.

«Мылъхуадэр кьыщысхуимылъакIэ, дяпэкlэ си шыпхъуэр зыдэс пщIантIэм хуиту сыдыхьэ хъуну кьыщIэкIынщ. Ари Iейкъым», - жиIэурэ Инус игу игъэфIырт.

Нэху щыри, и анэм ехъэхъуну сымаджэщым кIуэмэ, унагъуэр гуфIэжу зэхэту бжэIупэм щахуоз. Заулкlэ зыбгъэдэта иужь:

- Накlуэ, Роззэ, дыкIуэжынщ, - жиIэри ада насыпыфIэр Инус и анэмрэ и шыпхъумрэ гуфIэжу яхуеплъэкIащ.

- Узыншэу фыщыт, сэри фызгъэгузэну сыхуейкъым, - сэлам ярихьжри, Инуси общежитым кIуэжьну гъуэгу теувэжащ. ИтIанэ кьызэплъэкIыжщ, зэхуэгуфIэу кIуэж унагъуэм яхэплъэри, игукlэ жиIащ: «Роззэ фIыуэ плъагъумэ, мы дунейм теткъым сызыхуей, си адэм нэхърэ нэхъыфIу услъагъунщ...»

● ЩIыналъэ псалъэ

«Шэ хьэлэл ефащ» зыхужаIэхэр

ЩIэх-щIэхыурэ зэхьидох ди хабзэхъумэхэм яхуэгъэза щытхъу, фIыщIэ псалъэхэр. ЦIыхухэр зэрызэхуэгъэ Инстаграм сетми мымащIэрэ сыщрихьэлIащ ГИБДД-м и лэжьакIуэхэр цIыхухэм сэбэп яхуэхъуауэ, абы папщIи фIыщIэ хуащIу.

ХЭТ И ГУГЪЭНТ сэри апхуэдэ щытыкIэ сихуэну. Рулым сыдэсу гъуэгу сызыдытетым, кьыщыщIари кьызгурымыIуэу, си машинэр ункIыфIащ. СщIэнур сымыщIэу, заулрэ машинэм сисащ. Сигуми фIы лъэпкъ «кьиупэпхъэщыртэкъым»: пшапззэхэуэгъуи хъуащ икIи си закъуэщ, лъэсу сежьэжми дауэ сыхъуну? А псори ззэгъэзахуэу, машинэри схуээщIэмынэжу, сэри абы сыкъымыкIыну зыкъомрэ сыгупсысащ. Апхуэдэу сыщыскlэ си Iуэхур зэрызэфIэмыкIынур, си машинэр езыр-езыру зэрызэщIэмынэжынур фIы дыдэу кьызгурыIуэри, абы сыкъубэкъуакIащ. Жьы щIыIэр кьысщIрагъэхуу машинэ зыкъом зблэжауэ, сэри Iэ сщIыуэ зыгуэр кьэзгъэувыIэным сытемыгушхуэу Iэнкуну сыщыту, ГИБДД-м я дамыгъэ зытет машинэ кьэсри, кьэувыIащ. Абы кьикIа щIалэхэм си Iуэху зытетыр зрагъащIэри, си машинэми схуепльащ. Зыкъомрэ елIапIа нэужь, си машинэри зэщIэнэжащ. Езыхэр щежьэжари сэ гъэзгу сытрагъэувэжа нэужьщ.

А щIалэхэм я цIэ-унэцIэр ззэмыгъащIэуи дауэ хъунт?! Апхуэдэу кьызэгуэпа щIалэхэр Къумыкъу Руслан Юрий и кьуэмрэ Бэлагъы Азэмэт Роберт и кьуэмрэщ. Псалъэ гуапэ яжесIэну, фIыщIэшхуэ яхуэсщIыну сыхуейщ апхуэдэ бын зыгъэса я адэ-анэхэми. Ди лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ кьыдекIуэкI адыгэ хабзэм анэр зэрыщIапIыкIар нэрыльагъу сщыхуащ сэ. Ди нэхъыжьхэм, цIыхум щытхъунумэ, «Шэ хьэлэл ефащ» зыхужаIэу щытар апхуэдэхэрауэ кьыщIэкIынщ. Шэч кьытесхьэркъым Русланрэ Азэмэтрэ апхуэдэу зэрыщытым икIи щытыкIэ гугъу ихуа дэтхэнэми щIэгъэкъуэн зэрыхуэхъунум.

Зи кьаланым хьэлэлу бгъэдэт, цIыхухэм я шинагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыныр япэ ирагъэщу лажьэ а щIалэхэм мы ИльэсыщIэ кьэблэгъамкlэ си гуапэу сохъуэхъу икIи дэрэжагъуэ, екъуIэныгъэ яIэу, я лжьыгъэкIи, я унагъуэкIи я Iуэху зэпэщу, фIыуэ яльагъухэр яхуэзыныщэу псэуну си гуапэщ.

ЩОДЖЭН Заирэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

ХьэщIэщым щодыгъуэ

2017 гъэм щакIуэгъуэм и 29-м Урысей МВД-м Налшык къалэмкlэ и Управленэм и плъыр частым зыхуигъэзащ Ростов областым щыпсэу, илъэс 34-рэ зи ныбжь щIыхухъум. Абы зэрыжиIамкlэ, ар къыщIувыIа хьэщIэщым и пэшым щIэкIуэдыкIат сом мин 80 зэрылъ и банк картэр.

УПРАВЛЕНЭМ уголовнэ къэлъыхъэныгъэмкlэ и Iэнатlэм и лэжьакIуэхэмрэ полицэм и участковэ уполномоченнэхэмрэ щэч зыхуащIыр яубыдащ. Ар илъэс 23-рэ зи ныбжь, хамэ къэрал гъунэгъуэхэм ящыщ щыи щыщ, пIалъэкlэ Налшык къалэ щыпсэу цIыхубзыр, хьэщIэщым щIэс и цIыхугъэхэм я деж къэкIуауэ арат.

Цlыхубзым илэжьамкlэ зиумысыжащ. Идыгъуа ахъшэм щыщу кьыщIэнэжар къэтхрыжащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущlапlэ.

● Iэпщэрыбанэ зэзауэ

Мырзэкъанымрэ Беслъэнеймрэ дунейпсо зэхьэзэхуэм щытокIуэ

Мэзкуу дэт «Вегас» хьэщIэщым дыгъэгъазэм и 5-м щекIуэкIащ Iэпщэрыбанэ зэзауэхэмкlэ Чемпионхэм я лигэм и финал зэхьэзэхуэр. Абы фIы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменхэм.

НЭХЪ ХЬЭПЪЭХЭМ я зэпэщIэтыныгъэм Мырзэкъан Азэмэт хьэрэгъэгъу къыщыкъуэхуащ Дагъыстэным щыщ Омаров Курбан. Арщхьэкlэ зэзауэм и етIуанэ Iыхьэм Омаровым и лъакъуэр игъэуэзыжри, утыкум икIыжькн хуей хъуащ. Техническэ нокауткlэ текIуэныгъэр Мырзэкъ